

Anlèvmman An

65-1204

Ramada Inn, Yuma, Arizona, Etazini

1 ...Chapit sa isit la nan–nan Yuma, se yon gwo privilèj pou resevwa envitasyon sa pou retounen ankò. Nou te gen yon tan mèveye, dènye fwa a isit la. E alò kan m te reyalize ke m te dwe retounen ankò, sa te fè m santi m vrèman byen, pou ap koute temwayaj ak bèl pawòl sa yo ki vin de moun yo, e sa on jan remonte w on tikras.

2 Billy te pale m de frè ki sot Las Vegas la, ki te vle gen yon reyinyon laba nan chapit sa, al wè l imedyatman apre sèvis isit la fini. Nou gen yon moman, li di, kote nou ka glise antre, jis la an Janvyè, anvan reyinyon Phoenix lan, ou wè, pou al Las Vegas. Kidonk nou te toujou vle al laba.

Mwen kwè Frè Art Wilson gen abitud al la, sa fè trè lontan, oswa li ka toujou laba. E li–li te mande m pou m monte vin la, limenm ak Sè Wilson. Mwen pat jwenn opòtinite, kifè sa va petèt moman m ka vini an.

3 Jis al wè Billy Paul oswa Frè Roy Borders. Mwen kwè li isit la kèkpa. Yon moun te di ke Frè Roy te antre. Frè Pearry , Frè Lee, oswa youn nan yo, y ap kapab di w. Jis fikse dat yo pou nou ka vini.

4 Bon, m te wè plizyè minis isi a, sa fè yon ti moman, e sa fè m vrèman plezi pou rankontre frè m yo. M swete m te gen tan, pou al lakay avèk nou, paske m konnen nou gen pi bon kwizinye ki egziste nan peyi a. Se byen.

5 Kounye a, Frè Pearry reyèlman gen de bagay aswè a, sou do l. Li gen de repwòch kont li kounye a. Youn nan yo, se poutèt li koupe mikwo enteryè sa, pou voye l deyò a. Alòs, ou–ou koupab pou sa, Frè Pearry. Mwen pa vrèman panse ke ou te koupab. Men ou...Gen yon moun ki t ap prepare l pou pale. Sa se te tout on koze.

6 E apres, an plis, li te pati la pou ap pale. Li te di, “Epi” pou ap di Frè Collins oswa youn nan yo. Li te di, “Soupe a te bon. Men,” li te ajoute, “m ka di w,” te di, “ke nonm sa dwe yon Pan-yòl ou yon moun konsa, oswa yon Meksiken. Sa se piman ki pi cho m te janm goute.” Pou ap kontinye konsa, e li t ap pale a chèf kwizinye a.

Li te reponn, “Mwen se chèf kwizinye a.”

7 Se Texas, pou nou. Nou pral regle koze l, bò isitla nan Arizona, apre yon ti tan, (se pa vre?) si l rete nan viwonn nou.

8 Se vrèman byen pou m isit a! Mwen devine ke sa yo pa sonnen tankou se blag, men tankou sans pou fè ri. Ke, Seyè a Limenm te genyen sans pou fè ri, nou konnen. Li te di konsènan “Ewod,’ al di rena/mètdam sa, ou wè, “jodi a M chase–chase demon; demen M ap vin pafè.” Kidonk, Li te gen sans pou fè ri. Ebyen, sa pap deranje nou, mwen pa kwè, yon fwa detanzantan.

9 Kounye a li on tijan ta. E, dabitid, mwen–mwen preche pandan anviwon katrè. Poutèt sa, konsyan de koutwazi frè ak sè isi yo, chapit sa, n ap redui sa pa mal, aswè. E jis...M te di Terry. M te di...

Li te mande, “Kisa...Mete yon bann ki dire dezè?”

10 M te reponn, “Non, Terry. Sa se yon–yon bankè.” M te di, “Jis apeprè trant oswa karant minit, pou ap pale a moun yo de yon bagay.” Se sa, m ka eseye, menmsi, a chak fwa, m konsyan de sa.

11 Lè m te yon jèn gason, moun te konn vini pou tande paske m te yon jèn gason predikatè, jis yon jèn tibway, yon chapewon. E yo te konn di, “Ebyen, Billy Branham, ou konnen, se jis yon timoun, li pat janm al lekòl, e ankenn enstriksyon.” E yo te konn vini pou tande ekspresyon kase m yo, Anglè Kentucky m lan, e–e konsa yo...ekspresyon m yo “hits” ak “hain’ts,” epi “totes,” ak “carry.”

Tankou nan youn nan reyinyon yo isi a sa pa fè lontan, yo te di, “Nou tout ap leve kanpe pou chante im nasyonal la.”

12 M te leve e m te di, “Pou vye Kentucky lakay byen lwen mwen an.” Se te sèl nasyon mwen te konnen, konsa se te im nasyonal la, pou mwen menm.

13 Kidonk la, apre w te vin pran laj, konsa, enben, nou...ou te antre, ou dwe gen yon bagay anplis ke sa. Ou wè? Yo te pran nou...Pòl te di, sa, “Lè m te timoun, m te konn pale tankou timoun ak panse tankou timoun.” Ou aji tankou yon timoun. Men pandan w ap pran laj, lè sa ou kòmanse, fè premye pa w yo, epi ap trebiche epi tonbe, pou w leve epi eseye ankò. Apresa oumenm, apre yon ti tan, ou rive nan pwèn kote w ka mache an liy dwat. E se sa nou gen pou n fè, antan ke sòlda lakwa. Kounye a se tan pou w ap mache an liy dwat, toudwat ap desann otowout Laglwa sa.

14 Mwen kwè tout bon ke n ap viv nan fen senaryo istwa monn lan. Mwen kwè vrèman ke Vini Seyè a pi pwòch, petèt, ke sa nou panse. Kidonk la, pandan jis apeprè trant minit tan ou, oswa yon bagay konsa, m ta renmen atire atansyon nou sou yon Ekriti ke m ta renmen itilize pou yon tèks, epi–epi refere a pi plis isi a. Mwen...

Pandan m te lakay, lòt jou, mwen t ap medite sou panse sa. Lè sa m te panse, “Ebyen, m pa konnen, anpalan de tout Ekriti sa. M ap jis pran yon Pati, jis pou ti sèvis kout sa yo tankou n ap genyen aswè a.” Mwen vle di yon sèl bagay, pandan nou pral nan Sòm. Pre–premye...Sòm 27, mwen vle pran senk premye vèsè yo, pou li.

15 M ta renmen di sa a, konsènan Mesye Òm Dafè Levanjil Konplè a, chapit sa.

Frè pa m Peary t ap pale de liv yo, e latriye, ak nouvo liv yo genyen. Konbyen moun ki sonje lè nou te gen bann lan, pou ap preche l bò isi a Phoenix, nan youn nan konvansyon yo, sou Mesye, Ki Lè Li Ye? Bon, se te kòmansman liv sa, nou wè, kan sa yo...sa te rive.

16 Gen twòp konfimasyon sinatirèl Pawòl ekri Bondye a, nan moman sa a, pou yon bagay k ap pwoche nou kounye a. Nou jis...Sa twò reyèl. Bagay sa yo ke nou...Sa t ap etonan, pou noumenm, etranje yo, petèt, ap tandè mesye sa yo leve pou fè–pou fè remake sa yo, konsènan, “Yon Mesaj pou tan sa a,” e latriye. Sa y ap resevwa, se pwomès Bondye pou tan sa a, ke Li te pwomèt ke L t ap fè. E nou wè L ap konfime dapre Lèzekriti jis egzakteman sa Li te di Li t ap fè, menm jan an. Prediksyon, ki rive egzakteman ak pèfeksyon, chak fwa, paske se Bondye ki di l.

17 Si yon nonm, m pa fè ka kimoun li ye, ap eseye fè prediksyon jan sa, li gen yon chans sou dis milyon. Si yon nonm ta di w yon bagay kèlkonk ap rive, sa t ap—sa t ap rive a yon sèten moman; se youn sou dis milyon. E apres a kote sa t ap rive a, se t ap apeprè yon chans sou apeprè san milyon.

E apres a lè sa t ap rive a, ap kontinye e kontinye, ak fason sa t ap rive, epi a kisa sa t ap rive, e latriye, sa jis depase devinèt. Lè nou wè sa tèlman pafè, a chak fwa, alò se Bondye.

Epi apres a nou retounen drèt nan Lèzekriti. Sa ka sanble etranj pou nou. Men nou retounen drèt nan Lèzekriti, san nou pa menm konnen ki kote pou chache, e Sentespri a montre l epi Li jis mete tout Pawòl la nèt ansanm, pou prezante tablo a la pou montre nou senpleman tan n ap viv ladann lan. N ap chanje dispansasyon.

18 Nou—nou rive nan yon kwen. Se fasil lè yon moun ap tounen nan yon kwen, lè yon mason ap poze blòk, pou tounen nan yon kwen. Pou kòmanse, tout moun ap poze blòk dwat sou menm ranje a, jan yon denominasyon kèlkonk kòmanse, pou ap kontinye ranje a, se annòd. Men, lè w rive nan kwen sa yo, kote ou dwe chanje direksyon!

Kounye a, Bondye pap bati yon mi. L ap konstwi yon kay, ou wè, e gen anpil dekoupaj ak ang ke L predi isit la nan Bib la. Epi ang yo, nenpòt moun ka eseye tounen nan yon kwen, men sa dwe fèt dapre plan an. Si se pa sa, yo oblije demoli ankò.

19 Kifè nou—nou louwe Bondye pou bonte L ak fratènite nou moun yo, poutèt pòt louvri yo ke Seyè a bannou, atravè chapit òmdafè sa. Mwen toujou konbat ke m—m pa kwè nan...Mwen kwè nan moun yo ki nan denominasyon yo. Men m pa tèlman gen tan pou egzòte denominasyon, paske yo chak bati yon kloti toutotou yo.

20 Epi—epi jis tankou, mwen kwè, se yon ti dikton Frè David, konsènan limenm k ap elve kana, pou di rivyè a monte. E chak kana, nou konnen, yo te vle fratènize youn ak lòt, e yo patka fè l paske yo te dèyè kloti. Men kan dlo a te vin monte tèlman wo, sa te jis pèmèt kana yo soti nan prizon yo.

Kidonk mwen–mwen kwè se fason an pou fè sa. Se jis kite dlo a ap monte, ou wè, epi n ap ka soti nan prizon an pou–pou fratènize youn ak lòt, nou konnen, pou gen vrè lanmou Kris nan kè nou.

21 E chapit Òm Dafè Levanjil Konplè sa te yon–yon oasis pou mwen. Paske, anpil fwa...Mwen gen dè frè, trè bon frè anndan an, mwen kwè, nan chak denominasyon m te janm rankontre: Prezbiteryen, Literyen, Batis, Pannkotis, tout diferan tip Pannkotis, Legliz de Dye, Nazareyen, Peleren sentete. Trè bon frè, tout kote. Men, anpil fwa, yo paka resevwa m nan kominote yo, paske, ou wè, se pa ke yo pa kwè l, men, ou wè, sa t ap separe yo ak denominasyon yo. E kan w fè sa, natirèlman, sa fè–sa fè sa.

22 Isit la sa pa fè lonta, te gen yon frè Methodis ki te vin kote m, m pap site non l. Yon nonm de byen, li t ap ekri yon tèz sou gerizon Divin, li te vin jwenn mwen pou yon–yon ti pale. Nou te chita ap pale yon ti moman. Li te di, “Sèl bagay nou genyen kont ou, se ap mache ak Pannkotis yo tout tan.”

M te reponn, “Alò, ke legliz Methodis parene sa. M va vini.”

Sa te diferan. Ou wè? Li–li te di, “Ebyen, natirèlman, se pa mwen–mwen legliz Methodis la. M jis fè pati de yo.”

23 M te di, “Se tou. Ou wè? Pannkotis yo, se sila yo, se yomenm ki louvri pòt yo. Ou wè? Se sila yo ke m ka rejwenn. E an otan ke yo va louvri, enben, nou prè pou nou vini.”

Tankou nan Apokalips, chapit 3, ki di, “Mwen kanpe nan papòt la ap frape. Si yon moun louvri pòt la, M ap antre pou soupe.” E sa se te Jezi. Nou tout konnen ke se te Kris, e Li se Pawòl la. Se vre. Li se Pawòl la.

24 Konsa chapit Òm Dafè Levanjil Konplè a te yon oasis kote nou ka vini ansanm. Ankenn legliz pa parene l. Yo tout, ansanm, mesye yo–yo andeyò legliz yo, nou vin ansanm pou fratènize, atravè mond lan, soti toupatou.

25 E mwen te ede etabli anpil, anpil chapit Òm Dafè Levanjil Konplè, atravé lemond antye. Mwen gen rekonesans pou opòtinite sa ke sa te ban mwen. La, òmdafè yo ap parene l. Apresa, tout legliz yo, yomenm–yo vle vini, de tout fason.

Men, la, si...M pa vle pou m janm ap eseye rale yon moun soti nan legliz li. Jis rete nan legliz ou pou simaye Limyè a. Ou wè? Rete yon vrè Kretyen. Pastè w va apresye w. Yon vrè sen otantik, fidèl, nenpòt moun ki kwè nan Bondye ap apresye yon moun konsa. Wi.

26 Bon, mwen remèsye frè a isit la, ak madanm li, ak chapit sa, pou opòtinite sa. Ke chapit sa grandi. Ke benediksyon Bondye repoze sou li, pou l yon enstriman nan men Bondye, pou sove dè santèn e dè santèn de moun anvan Vini Seyè a, ak tout rès chapit yo oswa reprezantasyon yo isit la apati de chapit sa yo.

27 Nan Liv Sòm, la, m vle pale sou yon–yon sijè vrèman etranj, aswè a, jis pou yon ti tan. Mwen gen kèk Ekriti ki ekri la. E–e m te panse petèt ke, aswè a, m ta pral pale sou yon bagay diferan. Men, konsyan ke tan an ap pase, enben, m pat vle rete lontan konsa, kifè m te jis al la pou m te pran kèk Ekriti anplis. E mwen vle pale sou sijè: Anlèvman An. Ou wè?

28 Bon, nou kwè ap gen yon Anlèvman. Tout Kretyen kwè sa, sa yo ki li Bib la, kwè ap gen yon Anlèvman.

29 E kounye a pou sèvi kòm baz, n ap li Sòm 25. M vle di...Ekskize m. Sòm 27, vèsè 1 a 5.

Seyè a se limyè mwen, se li ki delivrans mwen. Ki moun ki ka fè m' pè? Se Seyè a k'ap pwoteje mwen. Ki moun ki ka fè m' tranble?

²*Lè mechan yo ap mache sou mwen, lè lènmi m' yo ap chache touye m', se yo menm k'ap bite, se yo menm k'ap tonbe.*

³*Menm si tout yon lame ta sènen m' toupatou, mwen p'ap pè anyen. Menm si yo ta vle fè m' lagè, m'ap toujou gen konfyans nan Bondye.*

⁴*Mwen mande Seyè a yon bagay, yon bagay mwen anvi anpil anpil: Se pou m' ta pase tout lavi m' nan kay Seyè a, pou m' ka gade bèl bagay li yo byen, pou m' ka pran tan m' pou m' kalkile nan kay ki apa pou li a.*

⁵ *Jou malè tonbe sou mwen, l'a pwoteje m' lakay li. L'a kache m' byen fon nan tanp li a. L'a leve m' mete yon kote pou anyen pa rive m'.*

Ke Seyè a ajoute benediksyon L sou lekti sa nan Pawòl Li.

30 Bon, jodi a, palan de sijè sa a, la kèk lan nou ka diferan, sou direksyon mwen pran yo—yo. Men konbyen moun isit la ki kwè ke bib la anseye la ap gen yon Anlèyman pou Legliz la? [Kongregasyon an di, “Amèn”—Editè a.] Wi, mesye. Se vre, egzakteman, yon anvòl pou Legliz la. Ke w se yon Metodis, Batis, Prezbiteryen, oswa kèlkeswa moun ou ye a, Pannkotis, ap gen yon anvòl.

31 E mwen kwè ke, pandan n ap pale a, m—m pa jis ap eseye monte la pou ap di yon bagay ke m panse ki ka fè moun yo plezi. Mwen pat janm te koupab de sa. Mwen vle monte la pou di yon bagay ki ka mennen eksperyans ou pi lwen avèk Bondye, si w se yon Kretyen; e si w pa yon Kretyen, pou fè w tèlman wont de tèt ou, ke w ap vin yon Kretyen. Sa se bi ke m toujou eseye aliye panse m yo, pandan ke Seyè a ap kondui m.

32 Kounye a, yo avèti nou, alòske Doktrin Sa a nan dènye jou yo yo va kòche l. Si w ta vle, annou jis li Sa, jis yon minit. Se nan 2 Pyè, chapit 3. Annou jis li yon moman sou sa. Chapit 3 a, vèsè 3 e 4. Ann wè si sa pa vre.

Anvan tout bagay se pou nou konprann sa byen: lè dènye jou yo va rive, gen moun ki pou parèt ka pral pase bagay Bondye yo anba rizib. Se moun k'ap viv dapre tout vye lanvi yo genyen.

⁴ *Y'a di: Kote pwomès li te fè nou an? Li pa t' di li t'ap vini? Depi sou tan zansèt nou yo ki mouri, tout bagay rete menm jan yo te ye a lè latè te fèk kreye.*

⁵ *Men, moun sa yo, lè y'ap pale konsa, yo fè espre bliye sa ki te rive nan tan lontan: Bondye te pale epi li fè syèl la. Se li ki te fè tè a soti nan dlo a, se li ki te fè dlo a fè tè a.*

⁶ *Se li ki te fè dlo a moute kouvri latè nan tan lontan pou l' te detwi tout bagay.*

33 Kounye a nou wè ke, rezon ki fè sijè sa sitèlman ekleran, se paske pwofèt la la di ke nan dènye jou yo mokè sa yo ap vini pou ap di bagay sa yo. Ou wè? Sa te predi, rezon kifè

moun yo ap aji jodi a jan y ap fè l la. Enben, sètènman w ap fè eksperyans lan, paske Bib la di sa. “Nan dènnye jou yo yo va antete, tèt di, renmen plezi plis ke Bondye; san pawòl, fo akizate, san retni, ap meprize sa yo ki moun de byen; ap gen aparans sen, pou ap renye pwisans lan; detounen w de tèl moun.” Èske n ap atann nou a yon imitasyon Verite a? Sètènman.

34 Kan Moyiz te desann nan peyi Lejip, pou delivre timoun Izrayèl yo, avèk sèlman yon baton nan men l kòm konfimasyon, ak Bondye nan Syèl la dèyè l, li te fè mirak. Men imitasyon yo ki te vin apre li, pou ap fè menm bagay li te fè yo. Ou wè? Kounye a, yo te vin an dezyèm, apre li te fin fè l an premye. Alò yo te vini, paske yo t ap kopye sa l te fè, ap imite orijinal la. Nou jwenn sa.

E kounye a ou di, “Ebyen, sa se te nan tan Moyiz la.”

Men menm Ekriti a di ke y ap vini ankò nan dènnye jou yo. “Menm jan Janbrès ak Janès te opoze a Moyiz, se konsa pou moun ak panse kwochi sa yo konsènan Verite a.” Ou wè? Imitasyon, tout sòt de bagay pou boulvèse moun. Epi apres sa si...

35 Anlèvman sa a ki ap akonpli, ak tout sa Bondye genyen an lye ak Pawòl Li, toujou gen yon bagay k ap vini pou boulvèse Sa si yo kapab. Se—se—se bi Satan pou l fè sa.

36 Tankou frè a la, ki soti nan reyinyon anwo a nan Las Vegas, te di, “Satan di ke mond lan se domèn li, e—e katye jeneral li anwo a la.”

M konnen ke Satan se dye mond sa a. Chak nasyon anba syèl la se li ki kontwole l. Egzakteman. Mond sa se pa Satan, men Jezi ap reprann li. Li te ofri l Li yon jou. Men Li te refize l, men, Li di...poutèt Li te konnen ke Li t ap Eritye l nan tan ki t ap vini yo.

37 “Mokè.” Jis pou nou pran pandan kèk moman sèl mo sa, anvan n al pi lwen. Mokè!

Mwen t ap li yon jounal, apeprè de semèn pase, nan Tucson, kote kèk Britanik ki sot an Angletè te fè yon deklarasyon. Se nan tit prensipal jounal la, ke krisifiksyon Seyè Jezikri nou an se te sèlman yon aranjman, ant Pilat ak Jezi, ke Li te vin fè...jis pou rann Tèt Li yon zafè. E pa gen ankenn fason nou ka dezapwouve sa pou yo, paske tout bagay Bondye yo se

pou w resevwa yo pa lafwa. Nou dwe kwè l. Bon, li te al an avan pou bay yon deskripsyon kouman sa te ka fèt.

38 Isit la sa pa fè lontan, nan gwo nasyon sa, Lond, an Angletè, pito, kote John Wesley ak Charles, anpil nan gran predikatè tan primitif yo, Spurgeon ak lòt yo, te konn preche Levanjil nan mache piblik ak toupatou. Yo te rejte mesaj tan pa yo a, gade kisa yo ye jodi a.

Men ki kote Frè Williams ak yo ye aswè a. Se youn nan peyi nan mond lan ki pi degrade. Mwen vizite mond lan, men m pa konn anyen ki sitèlman ilejitim ke Angletè. Se...Billy Graham di menm bagay la. Enben, li te oblije pran madanm li pou soti kite pak yo, jan ak—ak—ak ant gason ak fanm t ap komèt, an piblik, sou pak. Lè m te la, m pat janm wè anyen ki te ka brize kè yon moun pi plis ke sa ki t ap dewoule an Angletè; ki te gen opòtinite, yon fwa, ki te kondwi mond lan nan yon refòm. Sa jis montre kòman li chite.

39 Men, ou wè, kisa k fè sa, mesaj la te soti lè sa, Britanik yo te eseye kenbe menm mesaj sa pou jodi a. Sa pap mache jodi a. Sa pap mache. Kòman l te ka...

40 E si Moyiz te vini, t ap, pote mesaj Noye a, “Nou pral bati yon lach pou flote sou larivyè Nil la”? Sa patap mache. Non plis Mesaj Jezi a patap janm mache pou Moyiz. E mesaj Wesley a non plis patap janm mache nan tan Luther a, oswa mesaj Wes-...pou Luther, vise vèsa.

E jodi a, noumenm, dènye gran refòm pa nou se te Pannkot. Jodi a nou depase sa. E mesaj Pannkotis la paka melanje ak Sa a, paske se yon lòt jou. Tout nèt se Pawòl Bondye a, men li an konstriksyon. Tankou pye yo, bra yo, ap monte, sa ap fòme yon Epouz pou Anlèvman an. Ou wè? Piga—piga w deplase moun yo pou retounen laba; yo te viv mesaj pa yo a. Yo tout, ki te nan Epouz la, ap soti.

Jis menm jan lavi k ap pase atravè yon tij ble. Li kite ble a, koki a, men ble a fòme poukont li tankou grenn ble ki te tonbe nan tè a.

41 Isit la pa gen lontan de sa, mwen t ap li yon liv yon Alman te ekri, pou kritike. Li te di, “Pami tout—fanatik ki nan monn nan, William Branham depase yo tout.” Li te di, “Ebyen, li pa anyen lòt ke yon...Li se yon—li se yon majisyen. Li fè bagay sa yo.” Ou wè, nonm lan, pa konnen.

42 Epi, apre sa, nonm nan te yon opozan. Li pa t menm kwè nan Bondye. Li te di, "Yon Bondye ki te kab chita nan laj tenèb yo, kenbe men l kwaze sou vant li, ap ri yon pakèt kretyen; yo te manman, epi yo te sipoze, pwòp disip li yo; manman ak timoun piti ak lòt bagay, epi kite lyon manje yo; san L pa janm menm reyaji ." Ou wè sak fè panse chanèl la, edikasyon ak bagay sa yo, pa kab kapte vizyon an? [Asanble a di: "Amèn." — Ed.]

43 Grenn ble sa a te oblije antere. Menm jan Jezi te oblije antere, pou l leve ankò, se konsa legliz Lapannkòt la te oblije antere. Li te oblije antere, nan laj tenèb yo. Nenpòt grenn ki...Nenpòt grenn ki antere, dwe rete nan tan fènwa sa a, pou l ka pwodwui. Men, li te kòmanse jème ak Martin Luther. Ap kontinye atravè Wesley. Jouk li soti nan Pannkòt. Koulye a li nan pozisyon pou al nan grenn nan. Epi kounya sistèm denominasyonèl la ke yo te kite dèyè yo, se te tij yo, se tout. Se te pou boule, sistèm denominasyonèl la. Men vrè grenn ble ki soti nan chak refòm sa yo pral fè pati de Epouz la. Tout pral met ansanm pou fòme Epouz la.

44 Koulye a, nou jwenn, la ba a an Angletè, yo te imite Krisifiksyon an, sa pa gen lontan, yon pakèt moun sa yo, yomenm long... timoun ak cheve long sa yo ak bagay sa yo, ak kriye fò, t ap rele Jezi "papa-o" ak tout bagay sa yo. Yon tèl sotiz !

45 Kounye a ou di, "Sa se a Lond, an Angletè." Gade sa k te nan jounal semèn pase a, isit la an Amerik. Gen kèk gran doktè divinite, ki soti nan yon bon lekòl, li te di ke Krisifiksyon an te fo. Li te di: "Jezi sèlman te eseye aranje sa Limenm konsa; ke Li te bwè move zèb mandragò sa a." E nou jwenn li nan Jenèz, kote yo pale de sa. Se yon zèb tankou mariwana oswa yon lòt bagay. Yo jwenn ni la ba a an Oryan. Epi si w bwè li, l ap fè w dòmi. Petèt...Epi se tankou w te mouri, pèdi konesans, tout bagay, pandan de oswa twa jou deswit.

46 Li te di: "Lè yo ba L vinèg ak fyèl, se byen posib pou se te mandragò. Epi lè yo te fè sa, yo ba L sa, epi L te san konesans tankou L te mouri. Yo mete L nan kavo a, yo mete la a. Apre de oswa twa jou, sèten, lè yo te tounen, Lè sa a, li te reveye ankò, se te kòrèk." Li te di, "Li te al Annend epi li te mouri kèk kote, de lanmò natirèl, ap pran pòz fè yon relijyon." Premyèman, kritik sa a, kisa k pase ak moun yo? Ou wè, se jis tan ke n'ap viv ladann nan, yon bann mokè, ou wè, jou pou ke pwofesi a akonpli.

47 Bondye te voye Pawòl Li a pou chak aj, e chak aj sa yo dwe manifeste Sa. Epi tou, Li te preòdone moun pou laj sa a, pou yo akonpli Pawòl sa a. Chak fwa ke L te voye Pawòl Li a, li te chwazi yon nonm pou sa. Lè L te deside pou se tan Moyiz la, li te chwazi Moyiz pou li. Lè Li te deside se tan Pitit Gason Bondye a te fèt, li te destine L pou sa. Chak laj, Li te destine moun Li a, ki te preòdone, jan Bib la te di l la. Anyen...

48 Si Bondye enfini, Toupwuisan, ki plen pouvwa, omniprezan, omnisyan, se kisa, Li te konn tout bagay depi nan kòmansman an. Konsa, li te konn tout bagay . Pa gen anyen ki ka echape L. Se jis nou menm ki panse sa konsa. Se sak gen de plis nòm. Al gad nan Pawòl Li a epi wè sa L ap fè, sètalo ke nou pral konprann.

49 Kounye a, jis reflechi. Toudabò, si minis sa a ta reflechi, lè yo te met vinèg sa a ak fyèl la nan bouch li, li te krache l. Li pa t 'pran l, pou kòmansè. Ou wè? Jis te dwe gen mokè yo! Yon lòt bagay, kouman Jezi Nazarèt sa a te fè, pou ke lavi L koresponn ak chak pwofesi Ansyen Testaman an? Kòm sa te ka fèt? Li pa t 'kab fèt amwens ke Bondye te òdone l. Lavi l te konkòde ak chak pwofesi Ansyen Testaman an. Yon lòt bagay, si disip sa yo te sou fent ak Li konsa, poukisa chak nan yo te mouri mò matirize? E menm apot Pyè te di, "Mete m tèt anba. Mwen pa merite pou m mouri menm jan avè L." Kouman yo te pran Andre epi yo te vire l sou kote sou kwa a. Yo, chak nan yo, te sele temwayaj yo ak pwòp san yo. Yo te kwè nan Li e yo te renmen Li, e yo te bay lavi yo pou Li. Si li te yon enpostè, ki jan yo t ap janm fè sa? Ou wè? Aplikasyon espirityèl la, pèp la pa kapte l.

50 Men te gen yon zotobre isit la, pa gen lontan de sa, yon gran raben ki te ekri ke, "Moyiz, pandan l t ap travèse Lanmè Wouj la," te di, "se pa t pou ensidi dlo. Dlo yo pa janm fè miray." Li te di: "Sa l te ye, nan lòt bout Lanmè mòt la, te gen yon pakèt wozo. Epi li te pase nan dlo wozo yo, wozo yo ki nan dlo a. Pa gen dlo la a. Se Jis yon pakèt wozo, yon lanmè—wozo ke yo te pase ladan l." E anpil nonm nan klèje a kwè l, yo, ak aksepte l.

51 Isit la sa pa gen lontan, lè premye astwonòt sa a te monte, li tounen, li pa t wè anyen de Bondye. Sa menm te vire lòlòj pastè yo. Yo te panse ke Bondye t ap viv kèk kote anwo a, a san senkant kilomèt de wotè.

52 Men ni, oh lala, kouman edikasyon ak sajès monn sa a te fè legliz la tounen yon pakèt vye raje! ...Se edikasyon ak sistèm edikasyon an, syans ak sivilizasyon, vin de dyab la. Se sivilizasyon dyab la. Bib la te di sa. E sivilizasyon nou an ki ap vini an p ap gen anyen pou wè ak sivilizasyon sa a, ditou. Li pa ladann, ditou. Pral gen yon sivilizasyon diferan, de sivilizasyon sa a ak mond syantifik sa a ke n genyen an. Plis nou gen syans, plis nou syantifik, pi lwen nou ale nan zafè lanmò, pyèje pou touye, ak tout bagay. Nan nouvo Sivilizasyon sa a, pap gen lanmò, pa gen maladi, lapenn, oswa doulè. Ou wè? P'ap gen okenn bagay konsa La ba a. Kidonk sivilizasyon sa a pral oblije detwi, paske l vin de dyab la.

53 Nou jwenn, nan Jenèz 4, ke moun Kayen yo te kòmansè ak sivilizasyon, bati vil yo ak site yo, elatriye, ak enstriman mizik, epi yo vire bò lasyans. Apre sa, pèp la te elwaye yo plis de

Bondye, epoutan yo te relijye. Men se lè moun Sèt la yo rive, yo te kòmanse vini, ap kòmanse envoke non Senyè a. Ah, w ap pale de yon bagay sibtil!

54 Mwen pa la pou m blese santiman pèsonn, oswa pou m di yon bagay konsènan yon legliz. E si w la a, epi w fè pati legliz sa a, mwen pa di sa pou blese santiman w; paske gen otan de bon moun isit la la a, ke gen nan lòt legliz yo. Men, M te li nan Shreveport semèn pase a, kote legliz Katolik la te fè yon deklarasyon. Epi nou wè ki kote yo tout t ap reyini kounye a nan gwo konsèy ekimenik la, elatriye, jis ap akonpli egzakteman sa Bib la te di yo ta p fè a. Jis egzakteman.

55 Kounye a nou jwenn ke yo te di: "Ebyen, Bib la..." Gen kèk nan Pwotestan yo ki vle akwoche yo a Bib la. "Poukisa," te di, "Bib La pa anyen lòt ke yon liv, istwa legliz la, e yo pa t genyen l sou fòm literati jouk anviwon desansenkantan de sa. Se te toujou legliz la." Li te di, "Se te legliz la, pa Bib la, e Bib la se jis yon istwa de sa legliz la te fè." Ala yon manti sibtil sa ye! Se kisa, nou te gen Bib la sa fè twa mil ane. Ansyen Testaman an te nan Ekriti a, depi plizyè santèn ak santèn ane anvan vini Kris la. Se Jis yon bagay sibtil dyab la!

56 Epi nou reyalize nan jou sa a, lè gen pakèt mokri ak pase Bib la nan rizib sa yo, epi ap eseye mete L deyò, Bondye te gen pou jije legliz la pa yon bagay. Li pa ka jis... Yo pa ka desann nan lari sa a pou yo arete m, epi yo di m ap fè trant mil a lè nan yon zòn ven mil, sof si gen yon bagay ki la pou di m ke m gen dwa ale sèlman a ven mil. Li dwe la a. Ebyen Bondye pral jije legliz la, li pral jije moun yo, yon jou. Nou konn sa. Gen yon Jijman k ap vini. Kidonk si L pral jije l pa legliz Katolik la, ki legliz Katolik? Si Li pral jije l pa Metodis la, Batis la pèdi. Si L jije l pa Inite a, Binitè a pèdi. Ou wè? Pa kisa li pral jije l? Li te di Li t ap jije l pa Kris la, e Kris la se Pawòl la. Kidonk se ak Pawòl Bondye a, ke Bondye pral jije. "Nan konmansman an te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. Epi Pawòl la te fè L chè e te abite nan mitan nou. Menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan." Ou wè? Kidonk, Li pral jije li pa Pawòl Li.

57 Epi kounyeya nou dekouvri ke nan jou sa a, lè yo ap eseye met Bib la deyò ("Aksepte legliz la!" Bib la: yo pa vle l. Se "Legliz la!") pou yo ka jis fè nenpòt jan de kredo oswa nenpòt ki lòt bagay, epi mache avè l.

58 Bon, pandan m t ap pale avan yèswa nan Shreveport. Nan— kominyon an, lè yo touye ayo pou sakrifis sa a, pa t ap dwe gen "okenn leven nan mitan yo, pandan tout sèt jou yo," okenn leven, okenn pen ak leven. Tout bagay te dwe san leven. Sa te reprezante sèt laj legliz ke nou jwenn nan liv la la a, epi pa gen leven. Se kisa? Se yon bagay ki te melanje avè L. Epi

nou melanje kredo ak denominasyon, tout lòt bagay, ak Pawòl la, e toujou eseye rele l Pawòl la. "Okenn leven, li pral ye tout sèt jou a."

59 E menm sa k manje jodi a, pa eseye kenbe l pou denmen. "Boule l ak dife, anvan limyè douvan jou a parèt," paske gen yon nouvo Mesaj k ap vini, ak yon nouvo bagay. Ou wè, eseye kenbe l, men se atitud legliz la. Yon revèy kòmanse, ak premye bagay ou konnen, nan apeprè twa lane, yo kòmanse yon òganizasyon avèk li. Yon denominasyon kòmanse, òganizasyon. Men eske w remake? Sa a te fè tout tou monn lan gen ven lane kounye a, epi pa gen okenn òganizasyon. E pap janm genyen. Sa a se fen an. Ble a tounen vin tounen ble a ankò. Ble a vin retounen semans li. Pay la te rale kò l sou li. Epi ble a dwe rete nan prezans Fis la, pou l ka mi.

60 Èske se pa yon bagay etranj ke, sa pa gen lontan, nan kòt lès la, gwo blakawout la? Yo pa t 'kab konprann li. Texas te nan fè nwa, semèn pase a. Yo pa ka konprann sa. Ou pa reyalize ke se yon siy? Èske w pa konnen nasyon yo ap demantibile? Izrayèl nan peyi l. Epi siy sa yo ap endike ke nou nan fen an. Menm lè a se fè nwa, èske w pa konnen se yon siy ke pwofèt la te di? Ya a. "Men pral gen Limyè nan tan diswa a," ke pral gen yon Limyè k ap soti nan tan diswa a, lè blakawout yo ak bagay yo prale jan yo ye kounye a.

61 Jis gade ki jan l te fè nwa. Pap la jis vin isit la. Sonje, anwo a nan tabènak la, lè yo ...Ou te gen kasèt yo. Mwen devine, nou tout pran yo. Ki jan Senyè a te montre la a jou sa a, nan tabènak la, egzakteman ki kote laj legliz sa yo t ap ye e ki jan yo t ap ye! Mwen te fè desinen yo sou tablo anlè a, laj legliz yo ke w wè ki te desinen la a nan yon liv. Epi si Sentespri sa a pa t desann nan yon gwo kolòn dife a, epi te retounen la menm sou miray sa a epi te desinen yo, Li menm , pandan ke twasan oswa katsan moun te chita, ap gade l! Epi anmenm tan ke Pap la te kòmanse bò isit la, lalin nan kiryezman te asonbri. Epi yo te pran foto yo menm jan l te desinen anlè a sou platfòm lan. Kounye a li te fè vwayaj li isit la le trèz, li te monte trèz mach, te sèvi kominyon a trèz, a yon nasyon ki gen chif trèz, epi blakawout ki fèt toupatou. Ou pa wè ki kote n ye? Nou nan tan lafen an.

62 "Pral gen mokè nan Dènnye jou a, ki pral leve, k ap di, 'Pa gen okenn diferans ant tan konye a, e moman ke zansèt nou yo te tonbe dòmi.'" Men, lè w wè bagay sa yo kòmanse rive, leve tèt ou, prepare w. Yon bagay ka rive nenpòt ki lè, Kris vin pou Legliz Li a.

63 Kounye a, yo pa kwè sa, paske se yon...se yon...Yo, yo sipoze -... Yo pa reyalize ke se yo menm k ap akonpli Ekriti yo. Moun yo pa reyèlman reyalize ke, lè y ap fè bagay sa yo epi di bagay sa yo, y ap akonpli Ekriti yo. Konbyen Kayif, granprèt la, ak tout prèt sa yo nan jou sa a, ki t ap moke e pase l nan betiz, pa t okouran ke, menm Bondye ke yo t ap chante osijè de

Li a, "Bondye mwen, poukisa W abandone m ? " Sòm 22 a, " Yo pèse men m ak pye m yo ." Y ap chante sa a nan tanp lan, pandan L ap mouri la a sou kwa a. Yo pa t konnen ke yo t ap fè l. Menm Jezi te priye, "Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y ap fè a." Paske, yo anreyalite te predi, pa Ekriti yo, yo te avègle.

64 Èske w te konnen yo te predi ke legliz Pwotestan ak Katolik, nan dènye jou yo, t ap avèg, menm bagay la, nan Ekriti yo, ak Kris ki deyò, k ap eseye antre? "Paske w di : 'Mwen rich, mwen pa bezwen anyen,' èske w pa konnen ke w malere, pòv, nan mizè, toutouni, avèg, epi w pa konn sa," Apokalips 3. Men ni, retounen nan avègleman an ankò, ap pilonnen bagay Bondye yo, kòm si (yo) Li pa t vle di anyen pou yo, ap moke epi pase Sa nan betiz. Se sa Bib la di.

65 Men, pou Legliz la, Epouz la, Anlèvman an se yon revelasyon pou Li. Sa revele a limenm. Ke, revelasyon an, vrè Epouz Kris la pral ret tann revelasyon anlèvman an.

66 Bon, sa se yon revelasyon, paske revelasyon an se lafwa. Ou pa ka gen yon revelasyon san l pa lafwa. Lafwa se yon revelasyon, paske se yon bagay ki revele a oumenm. Lafwa se yon revelasyon. Lafwa se yon bagay ki te revele a oumenm, tankou Abraram, ki ta ka rele nenpòt bagay ki kontrè ak sa ki te revele a limenm nan, tankou se pa t sa. Kounye a, lafwa, se sa ki lafwa, se revelasyon Bondye. Legliz la bati sou yon revelasyon, Kò a annantye.

67 Sa gen kèk semèn isit la, mwen t ap pale ak yon bon minis Batis. Li vini pou l diskite avè m. Li te di, "Mwen renmen antanke yon nonm, men," li te di, "ou tou melanje." Mwen te di: "Alòs, M priye w pou w ede m 'korige sa," (li te di...) "ak Ekriti a." Li te di: "Nou p ap janm kapab, Frè Branham, mete bagay yo ansanm jiskaske nou gen chak Pawòl sou Pawòl, sou Pawòl, egzakteman ak grèk la, elatriye."

68 Mwen di: "O, mesye, ou konn mye pase sa." Mwen te di: "Menm nan Konsèy Nise a, pou remonte osi lwen ke sa, twasan lane apre lanmò Kris la, yo t ap diskite sou kiyès savan grèk ki te gen rezon. Ou ka konnen. Se yon revelasyon, tout bagay la. Se re-..." Li te di, "Mwen pa ka aksepte revelasyon." Mwen te di: "Ebyen ki jan ou ka aksepte Kris?" Li te di: "Ebyen, Bib la te di, 'Moun ki kwè se...nan Jezikri, li gen lavi etènèl.'"

69 Mwen di: "Se vre. Li di tou ke pèsonn pa ka rele Jezi Kris la sèlman pa revelasyon Sentespri a ki te revele l la." Ou wè? Men ni, nou vire anwon ankò, pou tonbe drèt nan revelasyon an. Li dwe revele, nan Bib la.

70 Kayen ak Abèl pa t gen yon Bib pou li, men sa te revele pou Abèl, pa lafwa, ki se yon revelasyon. Abèl te ofri Bondye yon sakrifis ki pi ekselan ke pa Kayen an. Ke, Bondye te

temwaye kel te jis. Lè yo te mande Jezi la a, nan Matye 16:17 ak 18. Nou pa gen tan pou li l, men si ou vle note l. Li di: "Kiyès moun di ke Mwenmenm Fis Lòm nan ye?" "Youn nan yo te di ou se 'Moyiz, Eli, oswa yon lòt.'" Li di, "Men ki moun ou di Mwen ye?"

71 Li te di: "Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an."

72 Li te di: "Ou byennere, Simon, pitit Jonas, paske se pa lachè ak san an ki revele w sa. Papa m ki nan Syèl la te revele Sa a oumenm. Sou wòch sa a," revelasyon espiyèl de Kiyès Bondye ye, Kiyès Jezi ye. Epi Li se revelasyon Bondye, Bondye te fè L chèn epi te revele L a mond lan. "Li te nan mond lan. Bondye te nan Kris, Li t ap rekonsilye monn lan ak Limenm, Li t ap revele sa Bondye te ye, nan yon kò lachè." "Ou se Kris la, Moun ki te wenn nan, Pitit Bondye a."

73 Li te di: "Lachè ak san pa t janm revele nou sa, men Papa m ki nan syèl la te revele nou sa. Sou wòch sa a mwen pral bati Legliz Mwen an, revelasyon Pawòl la nan sezon L. Mwen pral bati Legliz mwen an, epi pòtay lanfè yo pa ka domine sou Li."

74 Liv Apokalips lan se dènye Liv Bib la. Li sele pou moun ki pa kwayan yo. Nan 22yèm chapit la, Bib la di, "Nenpòt moun ki retire yon Pawòl nan Li, oswa ki ajoute yon mo ladan L, m ap retire pati pa l la nan Liv Lavi a." Nou reyalize ke, lè sa a, yo te bay kwayan yo li totalman. Epi li louvri Liv Apokalips la epi li revele Kiyès moun ki Otè Liv sa a annantye. "Li dwe konsidere kòm Alfa ak Omega," soti nan Jenèz rive nan Apokalips, Jezikri jis menm jan, dwat jouk nan bout. Epi Li revele mistè Limenm nan okonplè, ak plan pou laj legliz Li a ki gen pou vini, epi ki te sele sou anndan ak Sèt So yo.

75 Kounyeya, Liv la te ekri, men apre sa, sonje, Li te sele avèk Sèt So. Epi sèt So sa yo pa t dwe louvri (Apokalips 10) jiskaske dènye zanj sou tè a te klewonnen. Ou wè? "Epi nan jou dènye zanj mesaj a, setyèm zanj lan klewonnen, mistè Bondye a ta dwe fini nan laj sa a." Sa a, e sa se laj ke n ap viv ladann nan.

76 Nou tout konnen ke n ap viv nan laj Lawodise a. P'ap janm gen yon lòt laj pou li. Sa pa kab fèt. Kidonk, n ap viv nan laj Lawodise a. Epi Sèt So sa yo ki te kenbe Liv sa a, se yon mistè pou moun, ta dwe louvri nan jou sa a. Se sa L te pwomèt. Kounye a, li p ap anyen ki andeyò Pawòl la, paske ou pa ka ajoute nan Pawòl la oswa retire nan Pawòl la. Li dwe rete toujou Pawòl la. Men, revelasyon an se pou revele Verite a, kisa Li ye, pou fè Li konkòde ak rès Ekriti a. Epi apre sa Bondye jistifye sa a kòm etan Laverite. Ou wè?

77 Bondye pa bezwen okenn entèprèt. Li se pwòp entèprèt li. Li fè Pwòp entèpretasyon l lè L reyalize bagay Li te di ki t ap rive yo. Tankou, nan kòmansman an, Li te di, "Se pou gen limyè,"

e te gen limyè. Sa pa bezwen okenn entèpretasyon. Li te konfime.
78 Bon, Li te pwomèt kèk bagay nan dènye jou sa a, nan Lekriti. Ebyen, li te la.

Se konsa Jezi te Pitit Bondye. Li te pwomèt pou L voye L. Lè Li te nan epòk Li sou tè a, epi moun yo pa t ka kwè nan Li, Li te di: “Fouye Lekriti, paske nan Yo nou panse nou gen Lavi Etènèl, e se Yo k ap rann temwayaj de Mwen. Si Mwen pa fè travay Papa M, pa kwè Mwen. Men si nou pa ka kwè Mwen, kwè travay Mwen fè yo, paske yo temwaye Kiyès Mwen ye.”

79 Ebyen, answit nan laj Wesley a, travay li te fè yo te temwaye kiyès li ye.

Nan laj Luther a, ak refòm lan, Ebyen, sèten, li te temwaye ki moun li te.

80 Nan jou Pannkòt yo, ak restorasyon don yo, restorasyon don yo, pale an lang ak chase move lespri yo, ak don yo, ebyen, sa te temwaye. Pa t gen okenn blag sou sa. Moun yo te di, lè sa te fenk konmanse... Mwen li liv yo sou istwa Pannkòt la. Yo di: “Sa pa ka dire lontan. Dife l gen pou kase.” Li toujou ap boule. Poukisa? Se paske ou p ap janm ka etenn Li. Bondye te di ke li t ap la. Se pòsyon sa a nan Pawòl la, epi ou pa t ap kapab etenn Sa.

Epi lè y ap rele Lepouz la, ki jan ou pral fè etenn Li? Se revelasyon manifestasyon Pawòl la ki vin reyalyte. Epi n ap viv nan jou sa a; lwanj pou Bondye; revelasyon mistè Tèt Li.

81 Kounye a, Anlèyman an se sèlman...Anlèyman sa a ke n ap pale a, se sèlman pou Lepouz. Sonje byen, Bib la di: “Epi rès mò yo pa t resisite jiskaske mil an yo te akonpli.” Gran Anlèyman sa a! Si pa gen yon Anlèyman, zanmi, kote nou ye? Kisa nou pral fè? Nan ki laj nap viv? Ki pwomès nou genyen? Pral gen yon Anlèyman. Bib la di pral gen youn. Epi se pral sèlman pou Eli yo, Dam ki Eli a, Lepouz nan jou sa a, ki soti a, Legliz la.

82 Mo...mo a menm, *legliz*, vle di “yo fè soti.” Kòm Moyiz te fè yon nasyon soti nan yon nasyon, Sentespri a ap fè yon Lepouz soti nan yon legliz; fè yon Legliz soti nan yon legliz; manm yo, ki soti nan chak denominasyon, pou fòme yon Lepouz, pye bwa Lepouz la. Li sou—sou bann *Pyebwa Lepouz La*. Yon Lepouz ke yo rele k ap soti, e se sila ke...pyebwa Lepouz la se, Lepouz la, pito, se sila ki pral nan Anlèyman an; sa, sèlman, pa gen okenn lòt ke Lepouz la, sila yo ki te eli yo epi Bondye te konnen davans depi nan kòmansman an, jèn espartyèl Papa a.

Kite m jis kanpe isit la yon minit. E mwen kontinye vin nève, m panse mwen pral kenbe nou, m pral kenbe ou twò lontan.

83 Men, remake, gade, nou chak. Èske ou konnen, plizyè lane anvan ou te fèt, ou te nan papa w kòm yon jèm? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.] Se vre. Yon jèm, yon semans, ou te nan papa ou; ou soti nan sèks gason an, pa fi a. Ou wè? Fi a founi ze a, yon teren pou semans lan. Men jèm nan soti nan pa-...Koulye a, ann di, nan papa m...

84 Pa egzanp, pitit gason m lan ki chita isit la, lè m te gen sèzan, pitit gason m lan te nan mwen. Mwen pa t konnen l, men li te la. Kounye a, atravè yon teren pou semans, atravè maryaj, li vin nan imaj mwen. Mwen konnen l. Mwen ka kominike avè l. Epi li vini jis lòske se te bon moman an.

85 Kounyeya, se konsa w te ladann, si w gen Lavi Etènèl, ou te yon...nan Bondye anvan te gen yon mond. Ou se yon pati, yon pitit Bondye, yon atribi Bondye. Li te konnen laj ou t ap vini an. Li te predestine w pou laj sa a, pou w pran plas sa a, epi pèsonn pa ka pran l; pe enpòt konbyen imitasyon ak bagay sa yo. Ou dwe la, paske Li te konnen ou t ap la. Koulye a, ou manifeste. Kounye a ou ka fratènze avè l, e se sa Li vle. Li anvi gen kominyon sa, pou yo adore Li. Men si lavi ou pa t...te toujou yon atribi nan Bondye, ou jis ap imite Krisyanis. Ou wè? Pral genyen dè milyon ak dè milya nan yomenm, yo jis pral imite Krisyanis.

86 Yon remake ke mwen te fè jis dènyèmman. Mwen t ap gade Frè Demos Shakarian laba a, lè yo t ap ibride bèt yo, mwen te obsève tib pou fè tès yo, elatriye, nan men doktè yo, e mwen t ap gade bagay sa yo.

87 Nan ejakilasyon mal la, gen apeprè yon milyon jèm ki soti nan mal la chak fwa. Epi apeprè yon milyon ze soti nan femèl la an—an menm tan an. Men èske nou te konnen, nan tout ti jèm sa yo k ap bouje yo, yon milyon ladan yo, gen yon sèl nan yo ki òdone pou gen lavi, epi gen yon sèl ze ki fètil? Epi ti jèm sa a pral fofile tou drèt nan mitan tout lòt ti jèm yo, li va pase jis anlè tèt lòt ti jèm ki sanble tout bon avè l la, epi li va pase sou tèt sa a *epi* sou tèt *sila*, epi li va jwenn ze fètil sa a epi antre ladan l. Apre sa, tout rès yo va mouri. Poukisa, w ap pale de

nesans vijinal, o, li pa gen mwaye nan mistè nesans fizik la, pou jan li te preòdone, predestine pa Bondye!

88 Kounye a, nan kòmansman an, depi lontan, anpil ane de sa anvan te gen yon tan ki te kòmanse, ou menm, si w se yon kretyen ki ne de nouvo, aswè a, ou te nan Bondye lè sa a, Papa w. Se poutèt sa, lè ou antre nan lavi sa a isit la epi w ap pratike Krisyanis, ebyen, tout bagay ale mal, w ap mande tèt ou poukisa *si*, poukisa tout *sa a*. Sa, ou poze tèt ou kesyon sou sa. Men, yon jou, yon bagay te frape w. Kisa Li te ye? Se Lavi sa ki te anba la, depi nan kòmansman. E si li...

89 Tankou ti istwa mwen sou èg la, yo te jwenn li, manman l te jwenn èg la. Nou te tandè m preche sou sa, ki jan ti èg sa a te kale anba yon manman poul. Men, limenm, abitud li se te eseye bay poul sa yo—yo manje, ti èg la pa t ka dijere l, paske li pat yon poul, pou kòmanse. Poutan, li te anndan kloti a ak poul yo, epi li t ap swiv poul yo. Men lè li t ap grate nan baskou a ak lòt bagay, epi ti èg la pa t ka sipòte l. Men chak fwa li te fè kòt kòt ak tout bagay, tout ti poul yo t al jwenn li, kifè li te ale tou. Men yon jou...

90 Manman l te konnen li te ponn de ze, pa youn. Te dwe gen yon lòt, yon kote. Li t ale dèyè l, vole nan alantou a, fè laviwonn. Finalman, li rive nan baskou a, e la li jwenn ti bebe l la, epi li te pouse yon kri ba li. Se te yon vwa, ke, li te reyalize se te bagay ki kòrèk la. Se sa li t ap chèche a, ou wè, epi li te reyalize lè sa a ke li pat yon poul. Li te yon èg.

Epi se konsa, chak Kretyen ki ne de nouvo, lè w vini. Mwen pa fè ka nan konbyen denominasyon ou te fè w manm, konbyen non, ou mete non ou sou liv yo ak bagay sa yo, lè reyèl Pawòl Bondye sa vin konfime epi vin vre devan ou konsa, ou reyalize ou se yon èg, la menm. Paske, tout klòk klòk poul sa : "Fè w manm nan *si* epi fè w manm nan *sa a*, epi ale nan direksyon *si* epi nan direksyon *sa a*," sa san sans. Ou dwe vrèman ajoute Pawòl sou Pawòl.

91 Lè yon jèm antre nan vant femèl la, li pa pran...Ou menm, ou pa t vin tounen yon jèm imen nan papa w, epi apre sa ou vin tounen yon jèm nan yon chen, epi nan yon chat, apre sa nan yon poul. Se te tout jèm imen.

Epi Kò Jezikri a, Lepouz la, pral fè pati Kò Li. Ki pral...Li te Pawòl la, epi Lepouz la pral dwe Pawòl la; Pawòl ajoute sou Pawòl, ajoute sou Pawòl. Jistifikasyon Luther a, sanktifikasyon Wesley a, batèm Sentespri Pannkot la, restorasyon don yo, ak tout rès ladan Li, ki ale avè L. Ou wè? Li dwe Pawòl anlè Pawòl, jèm anlè jèm, Lavi anlè Lavi, pou fè soti tout estati Lepouz Seyè Jezikri a. Koulye a, sonje, ou te yon atribi.

92 Epi kounyeya, bagay la se ke, apre nou fin dekouvri bagay sa yo, ke Kris la ap vini pou Lepouz Li a, kounye a ki jan nou antre nan Lepouz sa a? Sa se kesyon an.

Anpil moun di: "Fè w manm nan kongregasyon nou an". Youn nan yo vle yon sèten kalite batèm. Youn vle fè *sesi* oswa *sela*. Youn di: "Ou dwe pale an lang, oswa ou pa genyen L." Lòt la di: "Ou pa bezwen pale an lang." Sa a di: "Ou dwe danse an espri." Sa a di: "Ou dwe kriye." Sa a: "Ou dwe gen yon sansasyon." Tout sa bon, epi answit, ankò, tout sa mal.

Ki jan yon nonm ki se... oswa yon fanm, oswa yon pitit Bondye, ki ne de Lespri Bondye, ta ka nye Pawòl Bondye a? Alòske Bondye Li menm entèprete Li epi Li di: "Sa se Sa. Mwen te pwomèt Li. Men Li," L ap montre li osi klè ke posib. Ebyen, yo oblije wè Li. Ou wè? Ki jan Kris te kapab nye pwòp Pawòl Li? E si Kris nan ou, Li pa ka nye Pwòp Pawòl Li.

93 Alò ki jan nou antre nan Kò sa a? Premye Korentyen 12, "Se nan yon sèl Lespri nou tout batize nan Kò sa a, nan yon sèl batèm Sentespri a." Sa, si ou vle note sa, se Premye Korentyen 12:13. "Epi nan yon sèl Lespri nou tout batize." Epi Lespri a se lavi Kris. Eske se vre? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Lavi Kris la! Epi lavi nenpòt semans... Ki, Li te Semans Pawòl la, ki bay Semans nan Lavi. Ou sezi li? Si sa—si Lavi sa repoze nan Semans lan, epi batèm Sentespri a vin sou Li, li oblije pote Lavi Semans sa a.

94 Jan mwen te di nou la a, nan Phoenix, pa gen lontan. Mwen t ap pale ak Frè John Sharrit. Mwen te laba a, epi li te montre m yon pye bwa, yon pye agrim. Li—li te kiltive anpil fwi agrim. Apre sa, li te montre m yon pye bwa, li te gen uit oswa nèf kalite fwi diferan sou li. Apre sa, mwen te di: "Frè Sharrit, ki kalite pye bwa sa a?"

Li di: "Yon pye zoranj."

Mwen te di: "Poukisa li pote sitwon an, ak mandarin nan, ak tangelo, ak chadèk?"

Li te di: "Yo tout se fwi agrim. Yo grefe."

"O," mwen te di, "Mwen wè. Koulye a, ane pwochèn, tout pral gen zoranj paske-..."

95 "O, non. Chak pye bwa pral pote pwòp fwi pa yo. Chak manm ap bay pwòp fwi pa l."

96 Anpil nan nou kiltivatè fwi konnen sa, isit la nan vale agrim sa a. Li pral pote pwòp fwi pa l. Si ou mete yon branch pye sitwon nan yon pye zoranj, li pral pote sitwon, paske se nati yon fwi agrim. Men, li p ap pote fwi orijinal la.

E se sa ke nou te fè. Nou te grefe kredo, ak lòt bagay, epi nou te grefe nan chak, isit la. Ki jan Methodis yo ta ka anfante lòt bagay ke yon timoun Methodis? Ki jan nenpòt denominasyon ta ka anfante lòt bagay ke yon timoun denominasyonèl?

97 Men si pye bwa a ta janm pouse yon branch orijinèl, li pral fè zoranj.

E alò si Bondye janm fè yon bagay nan Legliz, l ap orijinal, epi egzakteman ak Pawòl la ankò. Egzakteman. Li dwe konsa, paske Lavi a se nan Pye bwa a, epi Li pwodwi selon espès Li.

98 Koulye a, nou wè, la, ke gwo legliz sa a te deplase, atravè laj yo, li pote fwi li. Epi kòm branch yo te sispann pwodwi, yo te koupe yo. Nan Sen Jan 15, Li pat janm koupe pye rezen an, la. Li te wete branch yo, koupe yo, paske yo pa t pote okenn fwi. Epi—epi nou...

99 Jezi vle fwi, pou Tèt Li. Madanm Li dwe fè pitit ki sanble avè L.

Alò. si li pa fè pitit, pitit Lepouz, pitit Pawòl, alò se yon pitit denominasyonèl. Alò, li retounen a premye lanmou pou mond lan ak denominasyon. Epi li pa ka anfante yon kretyen reyèl, otantik, ki ne de nouvo, paske pa gen anyen la pou ba Li nesans.

100 Menm jan si w pran yon branch pye sitwon epi w grefe l ladan l, l ap bay sitwon, men li pa ka bay zoranj, paske li pa t la nan kòmansman an. Men si li te òdone depi nan kòmansman

an, pa prekonesans Bondye, predestine epi ne, li dwe pwodwi yon zoranj. Li pa ka pwodwi okenn lòt bagay.

101 Se konsa ak Legliz Bondye vivan an, lè lè a rive. Tout moun...Kite Bondye kòmanse fè yon bagay, tout moun gen boul la epi yo pati. Ou wè? Li te toujou konsa.

Mwen t ap li nan listwa, sou Martin Luther, isit la pa gen lontan. Sa te di: "La...Li pa t tèlman difisil pou kwè ke Martin Luther te kapab pwoteste kont legliz Katolik la epi anyen pa rive l. Men," sa di, "bagay ki etranj lan, se ke li te kapab kenbe tèt li anlè tout fanatis ki te swiv revèy li a, epi toujou rete dwat sou jistifikasyon li a." Ou wè? Jis tout bagay, imitasyon ak tout bagay, te swiv li.

102 Gade Madam Semple McPherson, Aimee Semple McPherson, ki te gen tanp sa a isit la. Chak dam predikatè te gen zèl yo, epi yo te pote Bib la menm jan an, jis—jis imitasyon chanèl!

Sa pa ka orijinal la. Se pou rezon sa ke legliz yo pa konsa. Kite yon legliz jwenn yon lòt bagay nan vil la, lòt legliz la pa ka sipòte l. Yo genyen li. Ou wè? Yo pa orijinal ankò.

Pawòl Bondye a orijinal. Se Pawòl la, epi Li dwe pwodwi selon espès Li; selon espès Li nan sezon Li, sa eli, predestine pa Papa a, Bondye.

103 Kounye a, ki jan nou antre nan Legliz sa a? "Grasa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl Kò sa a, Kò Kris la," ki se Lepouz, Pawòl la. "Nou te batize pou fòme Li pa Sentespri a."

104 Kounye a, ann remake si nou nan dènye laj la, oswa non. Koulye a, nou wè, si nou tounen nan Jenèz, apeprè, o, apeprè nan 5yèm chapit la, ou ka ale tou nan Lik epi chèche konnen, ke Enòk te setyèm lan soti nan Noe. Enòk.

Sa touche semans sèpan an. Paske, si Kayen se te pitit Abèl, alò li te wityèm lan. Ou wè? Men, okenn kote nan Bib la li te di ke Kayen se te pitit Abèl... oswa Kayen—oswa Kayen se te pitit Adan. Paske, sa, Bib la te di: "Li soti nan malen an." E Adan pa t malen an. Ou wè? "Li te soti nan malen an."

105 Kounye a, nou jwenn isit la ke Enòk te setyèm lan depi Noe, ki se te yon tip laj legliz yo. Kounye a, tout rès sis mesye yo, anvan I yo, te mouri, men Enòk te anlve. Enòk te anlve, setyèm lan, sa montre ke se setyèm laj legliz la ki prale nan Lanlèvman. Kounye a, pa gen okenn dout, nou nan setyèm laj legliz la. Nou tout konn sa.

106 Kounye a, se setyèm laj legliz la ki pral nan Lanlèvman. Tout lòt sis yo te mouri. Men Enòk te anlve, paske "yo pat jwenn li. Bondye te pran I." Tout lòt yo te mouri, men anlèvman Enòk la se te yon tip Lepouz dènye jou yo, ke yo pral rele nan setyèm aj Legliz la, epi ki pral anlve san L pa pase pa lanmò. N ap rann temwayaj kounye a de laj sa a. O, la la! Ann fouye kounye a, pi fon. Ou wè?

107 Kounye a, men isit la tou, yon tip sèt laj legliz yo, ki, nan Apokalips 10:7, ke gwo mistè Liv la te dwe devwale pa Mesaj setyèm anj lan.

108 Bon, gen yon Mesaje anlè a, toujou, ak yon mesaje sou tè a. Mo angle *anj lan* vle di "yon mesaje." E lè setyèm anj lan konmanse pwoklame Mesaj li a, men pa lè li te konmanse ministè li.

Jezi, lè Li te kòmanse ministè Li, Li te kòmanse geri malad ak aflije yo. "O, gran Rabi sa a! Li se yon pwofèt." Tout moun te vle Li nan legliz li.

Men lè Li te chita yon jou, epi Li te di: "Mwen menm ak Papa M se Youn," sa te diferan. Sa te diferan. "E si nou pa manje kò Fis de lòm lan, epi si nou pa bwè san Li, nou p ap gen Lavi nan nou."

"Poukisa, Li se yon vanpi!" Ou wè? Ou wè? Sa te diferan.

Li pa t eksplike li. Yo te deja wè manifestasyon an, konfimasyon Pawòl Bondye a pou laj Li a, ki te vin reyèl e ki te pwouve yo ke Li te Mesaje laj sa a. E li pa t oblije eksplike anyen.

109 Disip sa yo te ka pa t kapab eksplike Li. Men yo te kwè Li, kit yo te kapab eksplike L oswa yo pat kapab. Yo te rete trankil e yo te kwè L. Ki jan yo ta ka di si yo te pral manje chè Li epi bwè san Li? Franchman, li te enposib pou yo fè li. Men yo te kwè Li, paske yo te òdone. Jezi

te di Li “te chwazi yo anvan fondasyon monn lan”. Ou wè? Yo te kwè Li. Kit yo te kapab eksplike Li, oswa yo pat kapab, yo te toujou kwè Li.

110 Koulye a, gade, kounye a, nan setyèm laj legliz la, “Lè setyèm anj lan kòmanse kònen klewon an, mistè Bondye yo te dwe devwale menm kote a,” So yo.

Sa, ke refòmasyon yo...si yo te gen tan. Luther pa t viv ase lontan, ni Wesley tou. Laj yo a pa t viv ase lontan, refòmasyon sa yo. Yo te gen mesaj yo nan jou sa a, epi moun yo te pran l epi yo te fè yon denominasyon avè l. E kisa sa ye?

111 Ou pa janm ka bat lanati. Lanati toujou temwaye. Bondye travay an kontinwite avèk lanati. Li dwe konsa.

Tankou solèy la. Solèy la leve nan maten, se yon ti bebe ki fèt. Li fèb, li pa gen anpil chalè. A dizè, li soti nan lekòl segondè. Nan mitan jounen an, li antre nan lavi. A twa zè nan apremidi, li kòmanse vin granmoun. A senkè, l ap mouri. Li fin vye granmoun ak fèb ankò, li tounen nan tonb lan. Èske sa se fen li? Li leve ankò, nan denmen maten. Ou wè?

112 Gade pye bwa yo, ki jan yo pouse fèy yo, tout sa yo fè. Koulye a, nou wè, fèy yo sot tonbe sou pye bwa a, yo retounen. Kisa? Lavi a desann nan rasin pye bwa a. Èske se fen li? Li retounen prentan pwochen, ak yon nouvo lavi.

113 Koulye a, gade legliz yo, ki jan sa te fè menm bagay la nan Refòm lan. Li monte. Grenn ble sa a te tonbe nan tè e li te mouri, anba pèsèkasyon laj tenèb yo. Li te antre nan tè a. Li te oblije mouri. Nenpòt moun ki espartyèl, ka wè sa. Si grenn sa a pa mouri epi pouri, li rete pou kont li. Li te oblije antre nan tè, pandan laj tenèb yo. Li te blayi la, pouri. Epi de ti lam zèb te soti pou fòme legliz Literyèn lan. Epi apati legliz Literyèn lan, lòt lam zèb an plis vin soti, Zwingli elatriye. Sa te kontinye monte nan egrèt la, ki te John Wesley, gran aj misyonè a. Li te tonbe ankò. Apati de sa laj k ap twonpe a vin soti, laj panntkotis sa. Grenn ble sa ki...

114 Èske gen yon moun isit la ki janm kiltive ble? Obsève ble sa lè w ap gade l. Lè w ale deyò a, ou di: "Mwen gen ble." Ou sanble ou gen yon ble la. Louvri li byen epi gade. Ou pa gen ble ditou. Ou gen yon bal. Èske Jezi pat avèti nou sa, nan Matye 24:22...-kat? "Nan dènye jou

yo, ke, de lespri yo t ap tèlman pre youn ak lòt, li ta twonpe ble eli a li menm si li te posib." Ou wè? Koulye a, gade. Se yon potè.

115 Kounyeya, Lavi ki te monte a e ki te fòmè Luther se te sa ki te fè Wesley. Lavi ki soti nan Wesley se sa ki te fè Pannkòt. Lavi ki soti nan Pannkòt la fè ble a. Men yo se potè. Ou wè? Lavi reyèl la pase ladan I. Mesaj la pase atravè sa, men Li abouti nan ble a. Se rezon ki fè ble a monte anwo epi li pote tout bagay la nan Anlèyman an, anwo nan tèt la. Lepouz la, Li menm, soti nan chak aj. Men souch denominasyonèl la mouri, seche epi mouri. Eske nou remake, dènye jou sa yo, ki jan li kòmanse rale kò I kounye a? Lè ble sa a kòmanse pouse, alò bal la— la kòmanse rale kò I sou Li.

116 Gade anndan ti ble sa a lè w obsève I. Pran I ouvri I *konsa*, epi obsève anndan I epi wè. Ou gen yon ti boujon ble anndan I. Ou dwe pran yon lanti pwisans fwa trant pou gade obsèse I, pou wè ti kras boujon ble a anndan I. Wè?

Li trè lwen anndan I, men Li kòmanse grandi. Bon, pay sa a dwe la, pou abrite Sa, pou ba Li yon chans pou L soti. Men lè Li kòmanse grandi epi Mesaj la kòmanse gaye, alò, pay la retire kò I. Epi Lavi soti kite nan pay la, ale dirèk nan ble a. Li kontinye! Se konsa chak laj te fè. Li jis-li jis paka konbat lanati. Se... Sa se kontinwite Bondye, fason Li fè bagay yo.

117 Epi kounye a, se laj n ap viv kounye a, setyèm laj legliz la. Bon, tout dwe manifeste nan grenn ble a alafen, yon lòt retounen. Kounye a, si w pran Lik chapit 17 la ak vèsè 30 lan, Li te di, "Menm jan sa te ye nan epòk Sodòm lan, se konsa sa va ye lè Fis de lòm nan ap vini, lè Fis de lòm nan kòmanse revele tèt Li." Ki sa ki *revele*? Fè revelasyon sou sa Li ye nan jou sa a. Revele, bay moun yo, Pawòl ki te revele pou jou a. Revele, bay moun yo, pa manifestasyon Sentespri a ki fè ke Jezi viv nan mitan nou. Epi, sonje, li te reprezante la nan yon nonm. Yon nonm! Li te di, "Menm jan sa te ye a..." Bon, Li te li menm Bib ke n ap li la, Jenèz. Konsa, nou remake nan chapit Jenèz sa a, lè Jezi t ap pale de sa.

118 Nou jwenn la, ke, nan sa, ak do li vire bay tant sa a, epi Sara nan tant lan. Li te di: Li te poze yon kesyon. Epi manzè pa t kwè ke sa ki ta pral rive a te ka rive. Li te di, "Bon, Abraham, mwen pral vizite w dapre tan lavi." Wè? Epi Sara, nan tant lan, te ri de sa. Li te di, "Poukisa Sara ri, nan tant lan, ap di: 'Kijan bagay sa yo ka rive?'"

119 Jezi te pwomèt. E se te Li menm. Abraham te rele L, "Elohim," Toupwisan an. Se te Li menm. Bon, Bib la predi sa pral tounen ankò nan dènye jou yo. Jezi te di sa. "Epi lè w wè bagay sa yo kòmanse rive," jis sonje, lè sa a kòmanse rive konsa, ke, "w ap konnen ke moman an toupre nan pòt la."

120 Gade mond nan li menm. Gade nan mond lan, Sodòm, si jamè te gen yon Sodòm. Gade moun yo pèvèti nan yon pèvèsyon konsa. Lespri yo pèvèti. Yo pa konnen kisa prensip debaz moral ye. Gade bandi...[Espas vid sou kasèt la-Editè a]...-sèks ak tout lòt bagay.

Epi gade fanm nou yo, gade yon dechènman endesans, imoralite pami fanm nou yo. Epi pa sèlman pa nou...

Ou di, "Sa se Metodis." Sa a se pannkotis tou. Se tout bagay la an antye.

121 Gade mesye nou yo. Yo akwoche, olye nan Pawòl Bondye a, a kèk ti tradisyon denominasyonèl. Yo akwoche a li, olye pou yo vini soti lè yo wè Bondye revele Tèt Li pafètman. Rezon an, yo avègle. Yo pa ka wè Li. Yo p ap janm wè Li.

Kounye a, gade sa k ap pase isit la nan sa a, pandan ke n ap fè prese.

Mwen panse dam sa vle nou ale. Mwen te wè li fè mouvman ak men l, yon jès pou fè konprann ke li vle nou soti, kidonk li preferab pou nou fè prese.

122 Kifè kounye a remake Enòk, tip Legliz la. Isit la tou li tipifye nan setyèm aj legliz la. Èske w ka panse a sa? Setyèm aj legliz la! Remake. "Lè son an..."

123 Konbyen moun ki kwè te gen sèt mesaj pou sèt legl-...? O, nou tout kwè sa, si nou kwè Bib la. Si nou pa kwè Bib la, natirèlman, nou pa kwè sa. Men, te konn genyen.

124 Kounye a n ap viv nan setyèm aj legliz la. Epi lè Bib la te di ke, setyèm aj legliz sa a, "Lè mesaj setyèm aj legliz la kòmanse sonnen mesaj li a, ke mistè tout bagay ki te makonnen, pase atravè laj la, pral revele nan tan sa a." Nou wè li isit la, Fis de lòm nan ap vini nan mitan pèp li a epi fè jis egzakteman, konfime Mesaj Li a jan Li te di Li ta pral fè a. Nou jwenn li isit la, nan dènye laj sa a.

125 Bon, epi sèt veye yo, tankou sèt veye, lè Li te vini, li pa t vini premye vèy la, dezyèm, twazyèm, katriyèm, men Li te vini nan setyèm vèy la. Se te Enòk, setyèm lan, ki te anlve. Epi Noe, ki se yon tip rès jwif yo, ki dwe transpòte. Bon, nan tan biblik yo, an palan de vèy yo. Nwit yo pa t divize an èdtan, nan tan Bib la.

126 Kounye a koute byen. Rezon an, mwen pral prese kounye a, paske yo vle sal la. Non. Bib la pa t separe, oswa—oswa...

127 Nwit la pa t divize an èdtan, nan tan Bib la. Li te divize an vèy. Te gen twa vèy. Bon, premye vèy la te kòmanse de nevè a midi. Dezyèm vèy la te kòmanse de midi a twazè. Epi twazyèm vèy nwit lan te kòmanse de twazè jiska sizè. Bon nou te gen twa, twa, twa fwa, ki bay nèf, yon nonb enpafè. Apresa nou tounen jwenn sèt la pou anlèvman an, ki pral fèt, mwen kwè, ant sis e setè ... oswa sizè e nevè, yon maten. "Paske twonpèt Seyè a pral sonnen."

Nan maten klere sa a san nyaj lè moun ki mouri

nan Kris yo pral leve,

Epi glwa rezirèksyon li a pataje;

Lè moun Li chwazi yo pral rasanble lakay yo pi lwen pase syèl la,

Lè apèl va fèt nan syèl la, m ap la.

128 Mo anlèyman an, nan Bib la, pa menm itilize ditou. Nou jis mete mo sa la. Bib la di, "Monte; rale monte." Nou li isit la nan 2 Tesalonisyen... Oswa, 1 Tesalonisyen, se nan lòd gran Anlèyman sa a ki pral fèt nan dènye jou yo. Koute sa la. Nou pral kòmanse la ak vèsè 13 la:

...Mwen pa ta renmen nou... inyore

frè m yo, konsènan moun k ap dòmi yo, pou ke nou pa gen lapenn, menm jan ak lòt moun ki san lespwa yo.

Paske, si nou kwè...Kris te mouri epi resisite,

menm jan an sa yo... Bondye pral ramne avè L sa yo ki mouri nan Jezi.

Paske nou di ou sa pa Pawòl Senyè a, ke nou menm ki vivan epi ki rete jiska retou Senyè a p ap

anpeche...(Mo sa a anpeche vle di "bare.")...sa ki ap dòmi yo.

Paske Senyè a li menm va desann...

Kounye a, koute byen:

...Senyè a li menm pral desann soti nan syèl la ak yon kri, epi ak vwa arkanj la, epi...

twonpèt Bondye a: e moun ki mouri nan Kris yo pral resisite an premye:...

129 Kounye a, mwen vle nou remake yon gwo bagay k ap rive la kounye a. Pa rate sa. Wè? Kounye a, remake. Pawòl la di isit la, nan 2 Tesalonisyen, ke gen twa bagay. Remake. Soti nan vèsè 13 pou rive nan vèsè 16 la, gen twa bagay ki dwe rive anvan Senyè a parèt Li Menm. Byen vit kounye a, pou nou ka fini. Wè? Premye bagay ki rive... Remake: yon kri, yon vwa, yon twonpèt. Annou li Li kounye a epi wè si se kòrèk. Wè?

Paske Seyè a Li menm (vèsè 16) ap desann soti nan syèl la ak yon kri, ak vwa arkanj la, epi... twonpèt Bondye a:...

130 Twa bagay rive: Yon vwa...Yon kri, yon vwa, yon twonpèt, sipoze rive anvan Jezi parèt. Kounye a, yon kri ... Jezi fè toulètwa lè Li-Li--Li--L ap desann.

Yon kri, kisa kri a ye? Se Mesaj la k ap vanse devan, premyèman, Pen Lavi vivan an k ap fè Epouz la pran nesans lan.

131 Kounye a, Bondye gen yon fason pou L fè bagay yo. Epi Li pa janm chanje metòd Li. Li pa janm chanje po-...Li se Bondye ki pa chanje a. Nan Amòs 3:7, Li te di Li pa pral fè anyen sou tè a san Li pa revele l bay sèvitè Li yo, pwofèt yo an premye. E osi sèten ke Li te pwomèt li a, Li pral fè sa.

132 Kounye a, nou te pase atravè aj legliz yo. Men, nou te gen pwomès nan Dènye jou yo, dapre Malaki 4, ta pral gen yon retou ankò, yon pwofèt nan peyi a. Se vre. Remake nati l, kijan l ap ye. Li toujou...

Bondye sèvi ak lespri sa a senk fwa: yon fwa nan Eli; nan Elize; nan Jan Batis; pou fè Legliz la soti; ak rès jwif yo. Senk fwa, "lagras," J-e-z-i, l-a-f-w-a, epi se nonb lagras. Wè? Trè byen.

133 Kounye a, sonje, Mesaj la te pwomèt. E lè tout mistè sa yo te sitèlman makonnen pa yon pakèt ekleziastik, li pral pran yon—yon pwofèt ki soti dirèk de Bondye pou revele Li. Epi se egzakteman sa Li te pwomèt pou L fè. Wè?

134 Kounye a, sonje, "Pawòl Senyè a al jwenn yon pwofèt," pa yon teyolojyen. Yon pwofèt, li se yon reflektè Pawòl Bondye a. Li pa kapab di anyen; li paka di pwòp panse li. Li ka sèlman pwononse sa Bondye revele. Menm pou pwofèt Balaam lè li t ap eseye vann, vann dwa li, li te di, "Kijan yon pwofèt ka di anyen apa sa Bondye mete nan bouch li?" Se yon bagay ke Bondye fè, ke ou paka di anyen lòt. Epi ou fèt konsa. Pa plis ke ou ta ka...

135 Si w ta ka di: "Mwen—mwen—mwen paka louvri je m," pandan w ap gade. Wè? Ou pa kapab. Ou paka touche men w, alòske ou kapab. Wè? Ou paka yon chyen pandan ke ou se yon moun. Wè? Ou jis fèt konsa.

Epi Bondye te toujou la, tou, nan laj yo, atravè Ezayi, Jeremi ak tout, Eli, nan tan ki pase yo. Lè gwoup eklezyastik la ta pral fin melanje tout bagay, li ta pral voye yon pwofèt, leve l soti de nulpa. Li pa t fè pati okenn nan sitiyasyon pa yo, t ap pwononse Pawòl Li a. Te konn kite sèn lan, epi ale, se te jis dèzòm djanm nan Verite Bondye a. Epi se toujou fason ou ta ka idantifye l. Li te di, "Si gen youn nan mitan nou ki espirityèl oswa yon pwofèt..."

136 Kounye a, pwofèt yo. Gen yon bagay tankou "don pwofesi" nan Legliz; men yon pwofèt predestine e li òdone davans pou lè a. Wè? Wi mesye. Kounye a, si yon pwofesi anonse, de oswa twa moun dwe chita pou jije si se kòrèk ou non, anvan legliz ka resevwa l.

137 Men, pèsonn pa chita devan yon pwofèt, paske li te—li te absoliman Pawòl Bondye a. Li te Pawòl sa a nan epòk li. Ou te wè Bondye reflete. Kounye a, Bondye te pwomèt pou l voye sa pou nou ankò nan dènye jou yo, pou fè Epouz la soti nan dezòd eklezyastik sa a, pou antre nan sèl fason sa ka fèt la.

138 Sa p ap janm fèt; legliz la paka resevwa Kris. Noumenm, Pannkotis, nou paka pote Mesaj sa a nan kondisyon legliz la ye jodi a. Kijan n ap fè pote tan lafen an nan kondisyon yo ye jodi a, alòske yo chak youn kont lòt, ak tout lòt bagay, nan fason eklezyastik? O, mizerikòd! Se yon dezòd. Li fin pèdi nan denominasyon. E nenpòt lè a...Mwen mande nenpòt istoryen pou—pou—pou di le kontrè. Chak fwa ke yon mesaj te soti vin sou tè a, kan yo te òganize l, li te mouri la menm. Pannkot te fè menm bagay ke yo tout te fè a, Pannkot ki te soti a.

139 Nou menm, Asanble de Dye, lè papa ak manman nou te soti de òganizasyon yo laba a, nan ansyen Konsèy Jeneral la, Yo t ap pouse kri, yo t ap bay Bondye lwanj, yo t ap pale kont bagay sa yo. Epi ou menm ou retounen, "tankou yon chyen nan vomisman li yo, ak yon kochon nan labou li," pou fè menm bagay yo te fè a. Epi kounye a tèlman eklezyastik, ou fèmen zantray konpasyon ou. Ou dwe gen yon kat manb anvan yo ka menm asosye avèk ou, difisilman.

140 Ou menm, Initè, Bondye te ba w yon mesaj konsa, epi olye ou vanse al devan, pou jis rete enb epi ale pi devan, ou te oblije mòde lage epi òganize gwoup ou a. E kote nou tout ye? Nan menm bokit la. Sa egzak.

E Lespri Bondye, ap avanse. "Se Mwen Seyè a ki plante Li. Mwen pral wouze L, lajounen kou lannwit. Pou kèk moun pa ta..." Li te òdone bagay sa yo pou rive, epi Li dwe voye Sa a.

141 Premye bagay la vini, lè Li kòmanse desann soti nan syèl la, gen yon kri. Kisa li ye? Se yon Mesaj, pou ramne pèp la ansanm. Yon Mesaj vini an premye. Kounye a, se tan pou prepare lanp ou, "Leve epi prepare lanp ou yo." Ki vèy sa te ye? Setyèm lan, pa sizyèm lan. Setyèm lan, "Gade, Epou a ap vini. Leve, prapare lanp nou yo." Epi yo te fè sa. Kèk nan yo te dekouvri yo pa t menm gen okenn lwil nan lanp yo. Ou wè? Men se lè pou lanp yo prepare.

Se tan Malachi 4 . Kisa li pwom-...Se Lik 17. Se-se Iza-...

Tout pwofesi sa yo ke Li ka mete nan lòd pafètman pou jou sa a, nan Ekriti a, nou wè l vivan dirèk la. Pa gen...

142 Gade bagay sa yo rive, presye frè m, sè m. Alòske, Bondye nan Syèl la konnen m te ka mouri sou estrad sa a kounye a. Ou--ou jis dwe mache yon ti tan. Se jis... Li fòm idab, lè ou wè Bondye soti nan syèl la, kanpe devan gwoup moun, epi kanpe la, deklare Tèt Li menm jan Li te toujou fè. Sa a se Laverite, ak Bib sa a louvri. Ou wè? Egzak. Nou rive la.

143 Epi sistèm denominasyon an mouri. Li fini. Li p ap janm leve ankò. Li pral boule. Se sa w fè ak ekòs ki nan jaden an. Kouri soti kite l. Antre nan Kris. Pa di, "Mwen fè pati Metodis. Mwen fè pati Batis. Mwen fè pati Pannkotis." Antre nan Kris.

Si w nan Kris, pa gen yon Pawòl ki ekri Isit la ke w pa p kwè. Sa okenn lòt moun te di pa gen enpòtans. Apresa Bondye fè bagay sa a manifeste. Paske, ou menm, lè Li repann Lespri Bondye a sou Pawòl la, sa k rive? Se menm jan ak mete dlo sou nenpòt lòt semans. Li pral viv, epi Li pral reprodui selon espès Li.

144 Ou di: "Mwen te resevwa batèm, Sentespri a." Sa pa vle di ou sove, non e de lwen.

145 Gade isit la. Ou se yon èt tripl. Ou se sa. Anndan ti bonòm sa a isit la se nanm nan, pwochen an se lespri a, epi pwochen an se kò a. Kounye a, ou gen senk sans nan kò sa a, pou kontakte demè terès ou a. Yo paka kontakte rès la. Ou gen senk sans nan lespri a, isit la: lanmou ak konsyans, elatriye, nan sa. Men, *isit la* se kote w ap viv la. Se sa ou ye a.

146 Èske Jezi pa t di: "Lapli tonbe sou moun ki jis yo ak moun ki enjis yo"? Mete Yon chadon isit la, ak yon ble laba a, epi vide dlo sou yo. epi kenbe yo anba fètilizan ak bagay konsa, èske toulède p ap viv pa menm dlo a? Sèten. Oke, kisa sa ye? Youn nan yo pral pote yon chadon, paske se tout sa li ye. Chadon an pral leve men l epi rele menm jan ak ble a.

147 Èske Bib la pa di: "Nan dènnye jou yo, pral gen fo Kris k ap vini"? Pa "fo Jezi," kounye a. "Fo Kris," moun ki wenn, fo wen Pawòl la; wen denominasyonèl, men se pa Pawòl la.

Paske, Pawòl la pral rann temwayaj de Tèt Li. Li pa bezwen anyen ankò. Li pral rann temwanyaj de Tèt Li.

"Epi pral gen fo wen ki vini." Ou gen bann mwen an sou sa. Epi wen sa-...

O, si w ta rele youn nan yo, di, "O, oumenm, èske ou se Jezi?"

"O, sètènman pa." Yo pa t ap pran pozisyon pou sa.

148 Men, lè se tan pou yon "O, glwa! Mwen te resevwa onksyon an!" Epi se veritab onksyon an. Sonje byen, Kayif te genyen L, tou, epi te pwofetize. Menm jan Balaam te genyen L, epi pwofetize.

Men sa pa gen anyen pou wè ak sa a, anndan. Sòf si se te semans Bondye a, jèn Li depi nan konmansman an, predestine, se regle pou ou. Mwen pa bay enpòtans a jan w rele, pale an lang, kouri, rele byen fò. Sa pa gen anyen pou wè ak li.

Yon chadon ka konsidere menm jan ak nenpòt nan rès pami yo. Mwen te wè payen yo leve, epi rele byen fò, epi pale an lang, epi bwè san ki soti nan yon kràn tèt mò, epi envoke demon. Wè? Alò ou pa... Nenpòt nan sansasyon ak bagay sa yo, bliye sa.

Se kè w nan Pawòl sa a, e se Kris. Vini anndan an, pou revele Tèt Li, menm jan Li louvri tankou nenpòt lòt semans, epi deklare Tèt Li pou aj L ap viv la.

149 Luther pa t kapab pote anyen ke branch lan. Lòt moun sa yo te kapab pote lòt bagay sa yo. Nou nan aj ble kounye a.

Literyen otantik Litè yo te oblije repwodui Litè otantik. Otantik pannkotis te oblije pote otantik pannkotis. Se tou. Men nou pase aj sa a, epi kontinye.

150 Ou konnen, legliz Katolik la, te kòmanse, pannkotis? E si legliz pannkotis la ta rete pandan de mil lane, li t ap pral pi mal pase sa Katolik ye kounye a. Se egzakteman sa. Mwen di sa pou Frè m yo, sè m yo, ke mwen renmen. E Bondye konnen sa. Men sonje, zanmi, mwen dwe rankontre nou laba a nan Jijman an. Epi sa ka rive nan pa twò lontan. Mwen dwe rann kont de sa ki Verite a.

151 Lè m te ale nan reyinyon yo avèk nou, priye pou moun ki malad yo, se te byen. Men, lè mwen vini ak yon Mesaj! Si yon Mesaj la te soti, se te yon Mesaj vrè...

Si se vrè, mirak otantik Bondye yo, epi ou rete akwoche dirèk ak òganizasyon sa a, ou konnen li pa selon Bondye, paske bagay sa deja deklare.

Jezi te soti epi li te geri malad yo, de fason pou kapte atansyon yo, moun yo, apres Mesaj Li a. Se vre.

Li dwe gen yon bagay ke Bondye pral prezante. Li jis... Gerizon divin, mirak li yo konsa, jis atire je moun yo. Kè prensipal la se Mesaj la. Men sa li ye, sa ki soti *ladann lan*. L ap eseye jwenn favè moun yo, pou yo ka chita koute L, wè, paske gen kèk anndan la ki te òdone pou gen lavi.

Kèk nan grenn nan, nan ble a, te tonbe atè, zwazo yo te ranmase l. Epi lòt yo te tonbe nan mitan pikan. Epi gen kèk ki te tonbe sou tè prepare, tè prepare davans, epi li te reproduwi. 152 Kounye a, se premye bagay la, se son an. Premye bagay la se yon twonpèt ak yon... oswa yon vwa... Yon kri; epi apre yon vwa; epi apre yon twonpèt.

kri: yon mesaj k ap prepare pèp la.

Dezyèm lan se vwa rezirèksyon an: menm vwa sa, ki, vwa fò nan Sen Jan 11:38-44, ki te rele Laza soti nan tonm lan.

Rasanble Epouz la; apres a rezirèksyon mò yo, wè; pou anlve avèk Li. Kounye a, gade twa bagay sa yo k ap rive. Pwochen an se kisa? Se te yon twonpèt. Yon vwa...Yon kri; yon vwa; yon twonpèt.

153 Kounye a, twazyèm bagay la, se yon twonpèt, ki, toujou, nan Fèt Twonpèt yo, ki rele moun yo pou yo vin nan fèt la. Epi ap genyen Soupe Lepouz la, Soupe Ayo a avèk Lepouz nan syèl la. Wè?

154 Premye bagay la ki vini se Mesaj Li, k ap rele Lepouz pou l rasanble. Pwochen bagay la se rezirèksyon Lepouz k ap dòmi an; sa-sa yo ki mouri, nan lòt aj yo, yo anlve ansanm. E twonpèt la, Fèt nan syèl la, anlè. Ebyen, se sa k ap rive, zanmi m.

155 Nou la a, pare kounye a. Sèl bagay, Legliz la ki soti, li dwe rete devan Fis la, pou l muri.

Gwo mwason an pral vini apre yon ti tan. Ble an pral boule, tij yo, men gren an pral rasanble nan grenye Li. Wè?

156 Nou pa moun avèg. Nou-nou se moun ki sansib.

E si m te kanpe isit epi ke m t ap di bagay sa yo pou fè mal? Mwen di L paske Se Lavi, paske mwen responsab devan Bondye pou di L. E mwen dwe di L. Epi Mesaj mwen...M te konnen tout tan sa a , lòt bò a te gen gerizon konsa e ensidwit pou atire atansyon moun yo, m te konnen ke Mesaj la ta pral vini. Epi men Li. Epi Sèt So sa yo ki louvri, mistè sa yo, epi ap montre bagay sa yo, se sa ki te rive. M pat konn sa.

157 Men gen moun isit la ki kanpe isit la kounye a, ki te kanpe avè m. Lè, nou te tandè m preche sèmon sa a: Mesye, Ki Lè Li Ye? Maten sa a, egzaktèman kote Li te anonse Li t ap

ye, te gen sèt Zanj ki te kanpe jis la a, ki te soti nan Syèl la. E pandan ke yo t ap monte, e ke toubyon sa a anlve Yo, nou te kanpe, ap gade pandan ke yo prale, syans te pran foto Li, atravè peyi a jisko Meksik.

158 Epi yon jou, lè m t ap gade, lè m te kòmanse preche Sèt So Laj sa yo, m te rele Jack Moore, on gwo teològyen, m te di: “Jack, Ki Moun sa a ki kanpe la a? ‘Genyen on Moun la a ki sanble Fis de Lòm nan ki kanpe la a, avèk cheve baln tankou lenn’” Mwen di: “Li te yon jèn Nonm, kijan Li te ka gen cheve blan tankou lenn?”

159 Li te di: “Frè Branham, se te kò glorifye Li.” Sa pa t di m anyen.

Men lè m te rantre nan chanm nan epi m te kòmanse priye, Li te fè m konnen sa l te ye. Wè?

160 M te toujou preche ke Li te Bondye, pa sèlman yon nonm. Li te Bondye manifeste nan kò: Bondye, atribi lanmou Bondye; gwo atribi Bondye yo ki te desann, ki te manifeste isit sou latè. Jezi te lanmou Bondye, ki te konstwi yon kò ke Jewova Limenm te viv ladan. Li te plenitid Divinite kòporèl la. Sa Bondye te ye, Li te manifeste L atravè kò sa a. Kò sa a te dwe mouri, pou L te ka lave Epouz la avèk-avèk-avèk San Li.

161 Epi remake, non sèlman Epouz la lave, padone, men Li jistifye. Wè? Èske w te deja eseye wè sa mo *jistifye* a vle di?

Kounye a, pa egzanp, si Frè Green te aprann ke m t ap bwè, ke m t ap fè move bagay, apres a li dekouvri ke m pat fè l, alò li tap vin di: “Mwen padone w, Frè Branham.”

162 “Ou padone m? M pa jan fè l. De kisa ou padone m?” Wè? Men si mwen koupab, alò yo ka padone m; men m poko jistifye, paske mwen fè l.

Men mo *jistifye* a vle di “tankou ou pa janm fè l, ditou.” Jistifye! Epi alò San Jezikri a tèlman byen pirifye nou de peche nou, ke yo plase nan Liv Bondye ki bliye tout bagay. Se Li sèl ki ka fè l.

163 Nou pa kapab. Nou ka padone men nou pa ka bliye. M ka padone w, men m ap toujou sonje ke ou fè move bagay sa yo. Alò, ou pa jistifye, ou padone.

Men, nan je Bondye, Epouz la jistifye. Li pa janm fè l. Amèn. Li kanpe la a, marye avèk Fis de Dye vètye a; li pa janm peche, pou kòmanse. Poukisa? Li te predestine. Li te pran nan pyèj sa a. E kounye a ke Li tandè Verite a epi ke L vanse, San an pirifye L. E Li kanpe la a, vètye. Wè? Li pa gen okenn peche sou Li.

164 Se poutèt sa, Mesaj la rele Epouz la pou L rasanble, wè, rèl la.

Epi twonpèt la...

Menm lan, Limenm, avèk on vwa byen fò, Li bay on gwo rèl epi vwa sa a reveye Laza. Avèk on vwa byen fò Li rele: "Laza, soti." Wè? Epi vwa a reveye-reveye Epouz la k ap dòmi, mò yo k ap dòmi.

165 Epi twonpèt la, "avèk son twonpèt la." Epi, lè li fèl, li rele. On twonpèt toujou rele Izrayèl nan Fèt Twonpèt yo. Wè? Sa ki te yon Fèt pannkòt, gwo Fèt nan syèl la; epi Fèt Twonpèt yo. Epi, kounye a, on twonpèt ap anonse yon rasanbleman, "Vini nan Fèt la." E kounye a se-se Soupe Ayo a nan syèl la.

Kounye a gade: rasanbleman an, epi Epouz la; Fèt twonpèt yo; Soupe Nòs la. Nou wè l nan tip. Kounye a gade yon moman anvan nou fini. Remake. Nou wè l sou fòm tip.

166 Kounye a, si nou vle li nan Matye 18:16, Li di, "Genyen twa k ap rann temwayaj," wè, nan 1 Jan 5:7, e elatriye. Twa se toujou yon temwayaj. Pa vre? Se yon verifikasyon, on bagay ki jis. Twa temwen pote. "Ke tout pawòl etabli atravè bouch de oswa twa temwen."

167 Kounye a remake. Nou te genyen twa temwen. Twa se yon temwayaj. Kounye a, nou te deja genyen twa anlèvman nan Ansyen Testaman an. Èske nou te konn sa? Kòm temwayaj. Kounye a gade. Enòk te youn; Eli te lòt la; epi Jezi te lòt la.

Jezi, ki se Kle fondasyon an, kounye a, L ap rann temwayaj. Wè? Li te Kle fondasyon an ant Ansyen epi Nouvo Testaman an, paske Li te dwe mouri anvan epi ansuit anlve. Li mouri; Li retounen a lavi epi Li mache isit avè nou; epi apres a Li te anlve. Paske, Li te Kle fondasyon an ki te relye toude ansanm. Aprè rezirèksyon Li epi anlèvman Li...Gade. Aprè ke L fè sa, epi ke L pwouve ke Ansyen Testaman an. Nou tout konnen ke Enòk te anlve. Nou

konnen ke Eli te anlve nan on toubiyon, se vre, nan on cha Dife. Epi Jezi mouri, antere, resisite epi Li viv isit sou tè a, epi apres a Li te anlve, Kle fondasyon an. Genyen twa pou rann temwayaj. Pa vre?

168 Kounye a, genyen on anlèyman ki deja pase. Èske nou konn sa? Annou wè si nou ka li l vit. Annou pran Matye, chapit 27. Epi annou pran apeprè vèsè 45 nan Matye, chapit 27. Annou wè si nou pa ka jwenn li vit, epi wè si-si nou pa ka pran jis on ti kal ladan, sa t ap ede nou, trè vit. 27:45, mwen kwè, mwen note l isit la. Annou li.

Vè midi konsa, vin gen yon fènwa sou tout peyi a, jouk twazè...

Epi vè twazè, Jezi rele byen fò, Li di: Eli, Eli lema sabak-...? ki vle di,... Bondye, poukisa ou lage m konsa?

Nan moun ki te la yo,... genyen ki tandè, epi yo di: Nonm sa a ap rele... Eli.

Epi lamenm, yonn nan yo kouri al pran yon eponj, li tranpe l nan venèg, epi li mete l nan pwent yon gòl wozo, epi li lonje l ba L bwè.

Lòt moun yo di,... ann wè si Eli ap vin delivre Li.

Jezi, lè li rele... avèk yon vwa byen fò, li rann...

“On gwo rèl.” Gwo rèl! Gade.

Lè Jezi mouri, Li rele avèk yon vwa byen fò, Li rann lespri l.

Epi menm lè a, rido ki te nan tanp lan chire an de moso, depi anwo jouk anba. Tè a tranble. Wòch yo fann;

Tonm mò yo louvri, epi anpil nan kò yo...sen yo ki t ap dòmi resisite,

Epi yo soti nan tonm yo apre rezirèksyon Li, yo antre nan vil sen an kote yo parèt devan anpil moun.

169 Yon anlèyman pase.

Twa rive nan Ansyen Testaman an, pou sa yo ki te pare epi a ki Pawòl Seyè a te vini. Wè? Pawòl Seyè a vin a Enòk. Pawòl Seyè a vin a Eli, pwofèt Li. Wè? Pawòl Seyè a se te Jezi. Wè?

170 Gade nan Ansyen Testaman an, sen Ansyen Testaman yo kounye a, lè premye anlèvman sa a te fèt. Remake vèsè 50. Gwo rèl Li reveye sen Ansyen Testaman yo egzaktaman jan gwo rèl la te reveye Jezi...oswa reveye Laza. Wè? Gwo rèl la reveye.

E dezyèm lan ap akonpli nan 2 Tesalonisyen chapit 4. Annou li l. Nou fèk li l, gen kèk minit. Wè?

...M pa vle...frè, ke nou inyoran konsènan sa yo...k ap dòmi, pou w pa gen lapenn tankou...

Sa se 1 Tesalonisyen 4:12-18. Sa, sa pral dezyèm Anlèvman an. Dezyèm anlèvman an se pral anlèvman Lepouz la.

171 Sen Ansyen Testaman yo apti nan Prezans Li, epi paradi a disparèt. Epi sen Ansyen Testaman yo remonte a gwo rèl Li, lè Li rele epi ke Li rann lespri l; paske (poukisa?) Sakrifis la, pwopisyasyon peche yo a, ke yo t ap tann, yo te kwè ke Ayo pafè sa a ta pral vini. Yo te ofri Sakrifis la, Ayo a. E lè Li mouri epi Li rann lespri li, Li rele avèk on gwo vwa, epi sen Ansyen Testaman yo reveye.

Swiv rèl la epi vwa a, se menm bagay la lè L ap Vini. Wè?

“Li rann lespri l.” E lè Li fè l, Sakrifis la te pafè epi paradi a vin vid. Sen Ansyen Testaman yo te vin sou tè a ankò, yo te mache sou tè a, epi yo te antre avè L lè anlèvman Li.

172 David di isit la: “Leve nou, pòt etènèl; leve nou.” “Li mennen anpil prizonye, Li bay lèzòm anpil kado,” epi sen Ansyen Testaman yo te antre avè L.

173 Yo di: “Kiyès ki Wa jstis sa a?”

174 “Letènèl de Glwa, pwisan nan batay.” Men yo k ap vini, ap mache. “Jezi mennen prizonye yo,” epi men Li k ap vini, avèk sen Ansyen Testaman yo. Epi yo antre nan nouvo pòt yo Lòt bò a, epi yo: “Leve nou, pòt etènèl; epi kite Wa de Glwa a antre.”

Vwa ki vin andedan an, di: “Kiyès ki Wa de Glwa a?”

175 “Letènèl pwisan nan batay.” Pòt yo louvri touswit. “Epi Jezi, on Konkeran, mennen prizonye yo,” sa yo ki te kwè nan Li, epi Pawòl la te vin a yo. Sen Ansyen Testaman yo te kouche la a, yo t ap tann, “Li mennen prizonye yo; Li monte Anwo,” Li pran sen Ansyen Testaman yo epi yo antre. Genyen on Anlèyman ki gentan pase.

176 Pwochen Anlèyman an k ap fèt (2 Tesalonisyen) se ap pou Legliz la, Epouz la ki pral resisite, anlve nan Laglwa. “Noumenm ki vivan epi ki rete,” se kò a ki rete sou tè a, “nou pap anpeche ni jennen sa k ap dòmi yo. Paske twonpèt Bondye a pral sonnen an premye, epi mò an Kris yo pral resisite.” Wè? “Epi noumenm, vivan yo, nou pral anlve avèk yo.”

177 Lòt jou a, m te kanpe nan kwen lari a. Epi mwen-mwen te kanpe nan-te kanpe nan kwen lari a epi m t ap gade parad Jou Armistik la. Epi lè li monte lari a, m te kanpe la a avèk pitit gason m, Jozèf. Premyèman, se te vye tank premye gè ki te pase, vye ti tank. Apresa te genyen gwo tank Sherman yo nan nouvo gè a, epi gwo kanon yo avèk fren de bouch yo, e elatrye.

Après, vin gen solda yo; Manman Solda yo-yo-yo ki mouri nan batay. Epi apre te genyen on cha avèk...anba a...Ebyen, anba a te genyen on cha, epi sou devan an te genyen on tonm, “a solda enkonni an.” Epi te genyen on-on solda ki te kanpe la a, tap monte la gad devan tonm lan. Te genyen on maren on kote et on matlo sou lòt kote. Epi te genyen on rekèt ki te ekri. Epi sou bò lòt bò te genyen on Manman Solda ki te chita. Li te pèdi gason li. On jèn madanm te kanpe, avèk tè li panche sou yon tab, li t ap kriye. On ti gason an ranyon te chita sou kote; epi dlo na je l t ap koule sou figi l. Li te pèdi papa l.

M te panse: “Ala tris! M kanpe la a epi m ap gade yo, granmoun, jis kèk solda ki rete; k ap mache la a, estwopye epi aje, konsa, avèk inifòm yo, men ap montre avèk fyète inifòm yo paske yo Ameriken.”

M te panse: “Oh, Bondye mwen!”

178 On jou, pral genyen on eksplozyon k ap soti nan Syèl, “Epi mò an Kris yo pral resisite an premye.” Sen Ansyen Testaman sa yo lòt bò a, k ap tann, yo pral soti an premye de la a

epi yo pral antre nan resirèksyon an. Nou pral fè la ke, nou pral nan syèl la; vye kè mòtèl sa yo pral transfòme epi y ap tankou Pwòp kò glorye Li. Ala yon-ala yon parad sa pral ye lè li pral kòmanse monte vè syèl la, youn nan jou sa yo, nan tan anlèvman sa a ki devan nou, oh, ap montre avèk fyète San Jezikri a sou lestomak yo, Mesaj Bondye a nan lè ke yo t ap viv la. Se moman an ke n ap tann, frè.

179 Gade, pou nou fini kounye a. Dezyèm rezirèksyon an, tout...Premye a pase. Dezyèm lan pwòch, kounye a, li pwòch kounye a.

180 Kounye a, twazyèm lan se de temwen Apokalips yo 11:11 e 12. Se yo k ap retounen, avèk Lespri Kris la, pou temwaye a Jwif yo, menm jan Jozèf te fè pou fè l yo. Epi sonje, "Kadav yo te rete twa jou nan lari, pandan twa jou edmi. Apresa lespri lavi a te antre nan yo, epi yo te anlve, anlve nan Syèl la."

Men twa anlèvman nou nan Nouvo Testaman an.

Twa anlèvman nan Ansyen Testaman an; to tout pase.

181 Kounye a nou pare, n ap tann anlèvman an, Anlèvman sen yo. Sa te pwononse, e l ap konsa. Lè Bondye di yon bagay, "Syèl la ak tout tè a va pase, men Pawòl sa a p ap janm fayi."

182 Lè Bondye di , nan Jenèz 1, Li di: " Se pou limyè fèt," epi petèt ke te genyen dè santèn dane anvan ke te gen limyè. Li di: "Se pou gen pye palmye. Se pou gen pye bwadchenn. Se pou gen dezè. Se pou gen montay. Se pou gen sesi." Li pwononse l, ou wè. Epi osi lontan ke li soti de bouch Li, nan on Pawòl, li dwe manifeste. Li oblije. Lè...

183 On jou, Li rele pèp Li pou yo soti. Li te pale a yon nonm ki rele Moyiz, atravè yon Kolòn Dife, on Limyè; on Dife Sen, Sakre. Epi Moyiz pat vle...Pèp la pat vle kwè Moyiz, alò Li di: "Mennen yo vè montay sa a."

184 Maten sa a, montay lan te plen ak Dife, epi te gen zeklè ak tonè konsa. Epi pèp la di: "Pa kite Bondye pale. Kite Moyiz pale," wè, "pou nou pa mouri."

185 Bondye di: “M pap pale avè yo konsa ankò, men M ap chwazi yo yon pwofèt. E M pral pale atravè li, e sa l ap di pral akonpli. Alò, tandè Li, paske Mwen-Mwen avè l.” Kounye a, Li pwononse sa. Li di ke sa pral akonpli.

186 Gade pwofèt sa a, Ezayi, ki te kanpe la a; yon nonm, yon nonm entèlijan, yon nonm ke wa an te panse byen de li, paske li te viv ak Uzziah. Wa an, ki te yon gwo nonm, te eseye pran plas yon predikatè, yon fwa, epi te antre, te frape ak lalèp.

E se sa m te di biznismenn yo. Pa janm eseye pran plas yon predikatè. Non, mesye. Rete dwat kote nou ye a. Ou wè? Fè travay nou, sa Bondye mete, te di nou fè. Si nou se yon dwèt, nou pa ka janm yon zòrèy. Si nou se yon zòrèy, nou pap janm yon nen, nen oswa je. Ou wè? Rete nan pozisyon nou.

187 Nou te tandè Mesaj sa a, lòt jou, nan difizyon radyo an: *Ap Eseye Rann Bondye Yon Sèvis*. David, wa wen. Tout moun yo tap rele epi rele fò: “Sa te kòrèk.” Men li pat janm konsilte pwofèt Bondye a. E yon nonm te mouri, e tout bagay la te gate. Pa eseye fè Bondye yon favè. Tann jouk se moman Bondye fikse a. Kite l vini nan fason pa L pou L fè li. “M ap kòmanse gwo bagay sa a. L ap fè sa.” Fè atansyon, Frè.

188 Bon, David te konnen pi byen pase sa. Nathan te nan peyi a, nan jou sa a. Yo pat menm konsilte l, ditou. Ou wè? Li te konsilte dè kapitèn de santèn ak milye. Tout pèp la te rele, epi te rele fò, epi te danse. Olye pou yo... Yo te gen tout mouvman reijye, men li pat nan liy ak lòd Pawòl Bondye a, e li te echwe.

Tout lòt bagay, ki pa nan liy ak lòd Pawòl Bondye a, ap echwe. Se sèlman Pawòl Bondye kap kanpe pou tout tan. “Syèl ak latè ap pase, men pa Pawòl Bondye a.”

189 Remake Ezayi, jennòm entèlijan sa a ki kanpe la a. Toudenkou, Lespri a frape li. Li pat ka di anyen diferan. Li te yon pwofèt. Li te di: “Gade, yon vyèj va ansent.” “Yon Fis fèt pou nou; yon Pitit fèt, yon Fis bay. Yo va rele Li Konseye, Prens Lapè, Bondye Pwisan, Papa ki la pou tout tan an. Fen...Gouvènman L lan va sou zèpòl Li. Fen... Pap gen fen nan rèy Li.” Kijan nonm sa a te ka di ak entèlijans ke yon vyèj tap ansent?

Tout moun te chache li. Yo te fin pale de Li. Se te ENSI DI LE SEYÈ. Li te dwe rive, paske se te Pawòl Bondye. Menm jan sa te yè nan Jenèz, lè Li te plante semans sa yo anba lanmè a, kote “li te san fòm, epi vid; ak dlo nan fon an.” Ou wè? Sa te dwe rive. E yon jou, uisan zan apre, matris yon vyèj te ansent Semans Bondye an, yon Semans ki te kreye. Li te bay yon Fis.

190 Menm Fis sa a te kanpe la a, yon jou. Li te di: “Laza, soti.” E yon nonm ki te mouri pandan kat jou, pouri, nen l te fè fon, te santi fò, li te soti. Te di:

Nou pa bezwen sezi. Lè a pral rive: (Amèn.) lè tout sa ki nan tonm ap tande vwa Pitit Bondye a,

Kifè, sa te fin pale. Sa dwe rive kon sa. Pral gen yon Anlèvman. O la la!

191 Mwen sonje, jis dènye Mesaj mwen nan Kalifòni, kote mwen te panse m pa tap janm tounen ankò, lè mwen te predi: “Los Angeles a pral anba oseyan an. ENSI DI LE SEYÈ.” Li prale. Li fini. Li lave. Li fini. Ki lè? Mwen pa konn kilè, men l ap koule. Jis apre sa, tranblemandtè yo kòmanse souke epi koube.

192 Sonje, anpil nan nou mesye ki kanpe la a menm, wòch sa a, jou sa a lè Zanj sa a te desann la a. E Limyè ak Dife sa a kap tonbe sot nan Syèl, arebò wòch la kote nou te kanpe la a. Wòch detache sot nan mòn yo, epi ap tonbe atravè la a. Li te eksploze twa fwa, rèd. Mwen te di: “Jijman ap frape Kot Wès la.” De jou apre sa, Alaska te prèske koule.

193 Sonje, menm Bondye sa a ki te di sa, te di: “Los Angeles kondane.” E li fini. Mwen pa konn kilè. Mwen pa ka di nou.

194 Mwen pat konnen mwen te di sa. Men frè sa a isi a, mwen kwè se te...Non. Youn nan Mosely yo, mwen kwè, te fè m sot nan yon ri deyò la a. Mwen pat konn kisa l te ye jouk mwen te tounen gade. Mwen te tounen gade nan Lekriti.

E Jezi te di: “Capernaum, Capernaum, konbyen fwa... Nou ki elve tèt nou...” (pito) “...monte nan Syèl, yo va fè nou desann nan lanfè. Paske si zèv pwisan ki te fèt nan ou, te fèt

nan Sodòm, li tap kanpe jodi a.” E apeprè sansenkant an depi la a, (Sodòm te deja la, nan tè a) alò Capernaum nan dlo an, tou, jodi a.

195 E menm Lespri Bondye sa a ki te di tout bagay sa yo, epi te fè tout bagay sa yo, Li te di la a: “O, vil, Capernaum, ki te rele tèt ou pa non Zanj yo, Los Angeles, kijan ou te elve tèt ou nan syèl! Rasin lan menm ak chèz Satan,” (Ou wè?) “ou te elve tèt ou.”

196 Predikatè, se yon simityè pou yo. Bon mesye al la a epi mouri kon rat. Ala devastasyon!

197 “Nou ki rele tèt nou pa non Zanj yo; si zèv pwisan yo te fèt nan Sodòm, ki te fèt nan ou, li tap kanpe jodi a. Men lè w rive.”

Gade pou wè. Si li pa fèt, mwen se yon fo pwofèt. Ou wè? Men li. L ap lonje la a.

198 Mwen sonje nwit sa a, avan mwen te wè sa, mwen te wè apèsi Lepouz la. Mwen te kanpe la a epi m te wè yon bèl ti dam, jis abiye kòrèkteman, ak bagay, ap mache nan direksyon sa a. Te gen Yon Moun ki te kanpe bò kote m, nan vizyon an. E m te wè. Yo te di: “Apèsi Lepouz la.” Mwen te wè L pase. Yo vin sou bò sa a, epi te fè tou an.

199 Mwen te tande l kap pwoche, legliz yo—yo kap pwoche sot sou lòt bò sa a. Men legliz Azyatik lan vini. O, w ap pale de degoutans! Men legliz Ewopeyèn lan vini. O la la! E apre m te tande yon wòkennwòl kap vini, e se te Miss America, legliz la, e li pat menm gen okenn rad sou li. Li te gen papyè, tankou jounal, gri, kenbe nan devan l, ap danse sou wòkennwòl; Miss America, legliz la.

200 Mwen te kanpe la a nan Prezans Li. Mwen te panse: “O Bondye, kòm yon minis, si sa se pi bon nou te ka fè? O! O!” Ou konn kijan w santi w. Apresa m te panse: “Bondye, kache mwen. Si mwen te ka jis elwaye sot isi a. Si tout sa nou te fè, e se sa nou dwe pwodwi, si se sa?”

201 E apre lè fanm sa yo te pase, tout kap fè tout kalite wòk ak bagay, ak cheve kout, ak figi pentire. E antan yo te pase kon sa, te sipoze dè vyèj pou Kris. E lè li te pase kon sa, mwen te vire tèt mwen, nou konnen, ak sa a ki kenbe devan mwen. Se te—se te lawont, dèyè yo. E men yo te la a, ka prale kon sa. Epi mwen te vire tèt mwen, pou m kriye, kon sa.

202 Mwen te di: “Mwen—mwen pat ka sipòte l anndan la a. Limenm ki kanpe la a, epi mwen ki konnen ke mwen, yon minis Legliz la, e se sa m te pwodwi pou Li.” Mwen te di: “O Bondye, mwen pa ka gade l. Kite m mouri. Kite m—kite m disparèt,” e kon sa.

203 E osito li te soti, chak fwa youn nan yo tap vini, yo tap soti nan yon sèten plas, apres a tonbe. Mwen tap jis tande son li antan li te elwaye.

Après mwen te tande yon bagay tankou *Annavan, Sòlda Kretyen*. Mwen te gade, e men gwoup tifi sen sa a vini jis egzakteman fason yo te ye a, tout abiye kòrèkteman, cheve yo pandye anba nèt sou do yo. Swa, pwòp, ap mache kon sa, nan pa Levanjil la. Li te Pawòl la. Yo te sanble ak youn ki sot nan chak nasyon. Mwen tap gade l antan yo te pase, epi m te wè yo pase. Olye pou yo desann, yo te kòmanse monte.

Mwen te remake youn nan yo kap eseye, de ou twa nan yo kap eseye, ap sot nan liy. Mwen te rele: “Ret nan liy lan!” Epi vizyon an te kite m. E mwen te kanpe nan chanm la, ap rele: “Ret nan liy lan!” Liy, Sa.

204 Mande m, èske sa te ka pase deja? Èske yo te ka deja rele Lepouz? Èske se atravè sa n ap pase jodi a?

Li dwe pase nan moul epi fèt nan imaj Kris, e Kris se Pawòl la. Se sèl bagay la. Ou wè? Li anndan La a, nan Pawòl la. Li ji-...Ou wè? Pa ka gen yon sèl bagay ki ajoute. Li pa ka youn—you fanm ak youn sèl men tankou yon òm, epi lòt men an ak youn pat tankou yon chen. Li dwe egzakteman Pawòl Seyè a, tankou Li se Pawòl la. Lepouz la se yon pati nan Lepou an. Fanm lan se yon pati nan mari li, paske li pran sot nan mari l. Èv te youn pati nan Adan sot sou bò kòt li. E se konsa Lepouz ye, pa ki pran sot nan yon denominasyon, men ki pran sot nan lestomak Pawòl Bondye a pou jou sa a.

205 Anlèvman an!

Twonpèt Seyè a va sonnen, mò an Kris yo va resisite,

E glwa rezirèksyon Li pataje;

Lè sila ki chwazi yo va rasanble nan Kay yo ki pi lwen syèl la.

Lè apèl la ap fèt laba a, annou tout eseye pou n La a, zanmi. Bondye beni nou.

206 Sa te pale. Sa dwe rive. L ap rive. E ti...[Pati blanch sou kasèt—Editè a.]

Moun yo, pèsòn pa vle mouri. Pèsòn pa vle pou—pou l pèdi. Kite m di nou. Kèlkeswa sa nou fè...Sa pa gade m kijan nou al legliz byen, ak kijan nou fidèl a legliz. Se byen; anyen kont sa. Nou ta dwe al legliz. Nou fè sa. Kontinye al legliz. Men, kèlkeswa, jis jete tradisyon nou yo, epi kontinye avanse dwat nan Kris. Paske, sa pral sonnen youn nan jou sa yo, e y ap atrap nou ak mak bèt la sou nou, e pa konnen kisa l ye jiskaske li twò ta. Se egzakteman vre.

207 Bondye beni nou. Mwen regrèt mwen te kenbe nou. E sonje. Mwen te kenbe yo twò lontan isi a. Se vre. E ofrann ke nou te pran pou mwen an...Ke, mwen pat mande w fè sa, frè. Se, o la la, se koutwazi. Pran sa epi peye motèl sa a tan anplis la—la, paske mwen te kenbe l. Mwen te jis gen kèk bagay isi a. Mwen gen apeprè uit oswa dis paj sou Anlèvman sa a la a, men mwen—mwen jis pat gen tan pou bay li. Bondye beni nou.

208 Èske nou renmen Seyè Jezi? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Ann jis ret trankil jis on minit kounye a, an silans, ak respè, epi sonje sa m te di a. Sonje, nou nan dènye lè yo.

Nasyon yo ap kraze, Izrayèl ap leve,

Siy Bib la te di davans yo;

Jou Moun lòt Nasyon yo konte, ak machin pou kiltive ankonbre;

“Retounen, O sak gaye yo, al jwenn pwòp moun nou yo.”

Jou redanmsyon an toupre,

Kè lèzòm ap defayi nan perèz;

Se pou n ranpli ak Lespri a, lanp nou taye epi klè,

Gad anlè, redanmsyon nou toupre.

Nou konn sa?

Fo pwofèt ap bay manti, y ap renye Verite Bondye,

Nou konn tout sa se vre. Pa vre? [Pati blanch sou kasèt—Editè a.]

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

209 Konbyen moun ki vrèman renmen Li? Leve men nou. Kounye a, mwen vle nou, pandan nou chante sa ankò, bay yon moun toupre nou lanmen. Di: “Bondye beni w, pèlren.” Nou se pèlren. Pa vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Pèlren ak etranje.

Mwen renmen Li,

Se sa, dwat an fas tab la.

Mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

210 Nou vle fè Anlèvman an? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Konbyen moun ki enterese nan fè Anlèvman an? Di: “Bondye, mwen vle fè l, ak tout kè m.”

Kenbe Men Bondye Ki Pa Chanje, nou konn chante an? Ou konnen l, sè? *Kenbe Men Bondye Ki Pa Chanje*. Mwen pa konn kisa... Kisa l ye anndan an, pou sila a? En?

Kenbe men Bondye ki pa chanje!

Kenbe men Bondye ki pa chanje!

Bati lespwa nou yo sou bagay Etènèl,

Kenbe men Bondye ki pa chanje!

Nou renmen sa?

Lè vwayaj nou fini,

Si nou te fidèl ak Bondye,

Bèl epi klere kay nou nan Laglwa,

Nanm anchante nou va wè!

Kenbe men Bondye ki pa chanje!

Kenbe men Bondye ki pa chanje!

Bati lespwa nou yo sou bagay Etènèl,

Kenbe men Bondye ki pa chanje!

Mwen vle nou koube tèt nou jis on moman kounye a.

Pa konvwate richès granmesi mond sa a,

Ki degrade tèlman rapid,

Chache genyen trezò Selès,

Yo pap janm pase!

Kenbe men Bondye ki pa chanje!

Kenbe men Bondye ki pa chanje!

Bati lespwa nou yo sou bagay Etènèl,

Kenbe men Bondye ki pa chanje!

211 Ak tèt nou koube, ak sa a nan lespri n, antan nou konnen ke n ap koube tèt nou bay pousyè a kote nou te soti a, yon jou n ap retounen, nou konnen ke nou gen yon nanm anndan la a ki dwe reponn Bondye. E si nou santi ke nou jis pa pare pou Anlèyman sa a, si Li tap vini aswè a, e nou ta vle yo sonje nou nan lapriyè, jis leve men nou. Nou pa plas pou fè yon apèl a lotèl. Lotèl nou nan kè nou, tout jan. Leve men nou. Bondye beni ou, ou, ou. O la la!

“Santi ke m pa pare, Frè Branham. Mwen—mwen, vrèman, mwen—mwen—mwen vle pou m yon Kretyen. Mwen te eseye sa, men toujou gen yon bagay ki manke. Mwen—mwen konnen ke mwen—mwen jis pa kote mwen ta dwe ye.”

“Gen pitye, Bondye. Mwen leve men m. Gen mizèrikòd pou mwen.”

Kounye a, kèk ven oswa trant men te anlè, deja, nan ti gwoup sa a. Plis ap monte.

212 Chè Bondye, Ou konnen kisa k dèyè men sa a, anba la a anba kè a. Mwen priye, chè Bondye. Gen sèlman yon bagay mwen responsab pou li, se, di Laverite. E, chè Bondye, yo vle sove. Yo vle sa, vrèman. Yo—yo pa vle bagay sa a ki se jis yon emosyon, yon fabrikasyon, yon sistèm denominasyonèl, yon kredo, yon dògm ki te ajoute. Yo konprann, Papa, ke sa pran Pawòl Bondye pi, sans melanj. Tout lòt bagay ap pase, menm syèl ak latè, men Sa pap pase. E si nou se Pawòl sa a, latè ap pase sot anba nou, men nou pa ka janm pase, paske nou se Pawòl sa a, Lepouz la pou Lepou a.

213 Mwen priye pou chak moun, ke W va akòde yo, Papa, se priyè sensè mwen. E eskize m, Papa, poutèt mwen sou nè konsa aswè a, ap sote anwo la an anreta, e—e m tap tranble, epi m tap di dè pawòl ki kase epi koupe. Yon fason oswa yon lòt, gran Sentespri, kole yo ansanm nan Pwòp fason Diven pa W, epi delivre yo bay kè moun yo, sot nan kè mwen, ak motivasyon an ak objektif ke mwen gen nan kè mwen anvè Ou. Èske W pap fè I, Seyè? E sove sa ki ka sove. Atire vin jwenn Ou, Seyè. E se pou nou pare pou lè anlèyman sa a ki toupre byento. Paske mwen mande li nan Non Jezi. Amèn.

Bondye beni nou.

Kounye a, prezidan konvansyon an—an.